ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№204 (21.612) ● 2009 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 28, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Президент

## Темыркъан Юрий и Унэ-музей Налшык щащIынущ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Налшык къалэр къыщызэхикIухьым школыщIэм, Темыркъан Юрий и унэ-музейм хухаха щIы Iыхьэхэм, мы зэманым ящI псэупIэ унэхэм, нэгъуэщI куэдми еплъащ. Республикэм и Iэтащхьэм къелъытэ щыхьэрым дащIыхь сыт хуэдэ ухуэныгъэри къалэухуэ концепцэм къезэгъыу щытын хуейуэ икIи езыр и щхьэкIэ а Iуэхум ткIийуэ кIэлъоплъ. «Налшык Урысейм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ, икIи зыхуэбгъэдэн щымыIэ апхуэдэ дахагъэр егугъуу хъумапхъэщ», - жеIэ Президентым.**

А МАХУЭМ Къанокъуэ Арсен щIыгъуу къыздикIухьым, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий абы жриIащ Президентым и пщэрылъыр зэригъэзэщIар - Темыркъан Юрий и унэ-музейр щащIыну щIыпIэр «Гранд-Кавказ» хьэщIэщым пэгъунэгъуу къызэрыхихар. Президентым ар игу ирихьащ икIи ди хэкуэгъу щэджащэм апхуэдэ тыгъэ республикэм хуищIыну къызэрилэжьар къыхигъэщхьэхукIащ. ЩIапIэр къыщыхахым къалъытащ абдеж жыгхэр къыщиупщIыкIын зэрыхуэмейр икIи ухуэныгъэр паркым зэран зэрыхуэмыхъунур. Музейм щахъумэнущ Темыркъан Юрэ и архивыр, сурэтхэр, тхылъхэр, фэеплъ къыхуащIа тыгъэхэмрэ дамыгъэ бжыгъэншэхэмрэ.

Къанокъуэ Арсен еплъащ «Нарт» хьэщIэщыр зэрызэрагъэпэщыжым. Къат пщыкIублу зэтет а IуэхущIапIэм и унафэщIым Президентым гу лъригъэтащ отелым пэгъунэгъуу Налшык псыхъуэм аквапарк зэрыщащIынум икIи абы уезышалIэ гъуэгу тэмэм къыхэхын зэрыхуейм.

Сабий 300 щIэхуэу Iэдииху поселкэм дэт школ №26-р капитальнэу зэрамыгъэпэщыжу хъунукъым. Къалэм и унафэщIхэм иджыблагъэ унащхьэр зыхуей хуагъэза щхьэкIэ, спортзалыр къагъэсэбэпыркъым, абы и щытыкIэр икъукIэ зэрызэкIэлъымыкIуэм къыхэкIыу. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр жылагъуэм и дежкIэ мы еджапIэр зэрыцIыкIуIуэрщ. Iэдиихум дэс сабий 800-м ящыщу нэхъыбэр мы зэманым Александровкэ хьэблэм дэт школхэм нэс кIуэн хуей мэхъу. Кабинетхэр, спортзалыр къиплъыхьа нэужь, Президентым зыхуэфащэ къулыкъущIэхэм я пщэ ирилъхьащ сабий 550-рэ щеджэну иджырей школым и проектыр зэхэлъхьэнымрэ ар ухуэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ текIуэдэнур 2010 гъэм республикэм щрагъэкIуэкIыну ухуэныгъэхэм я титул спискэм хагъэхьэну. ШколыщIэм хухахащ Шэджэм районым щыщ Нартан къуажэм нэхъ пэгъунэгъу щIы Iыхьэ. Къанокъуэ Арсен а псоми къадэкIуэу щIыпIэ администрацэм чэнджэщ иритащ сабийхэм къазэрыхэхъуэнур къилъытэну икIи нэгъуэщI зы школи щащIхъуну щIыпIэ иубзыхуну.

А махуэм Къанокъуэ Арсен щыIащ сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкI нэгъуэщI зы ухуэныгъэми. Налшык и къалэ паркым и аттракционхэр здэщыIэ щIыпIэм щащI псыутх хьэлэмэтыр нагъэблэгъащ. Апхуэдэ псыутх республикэм и Президентым Краснодар къалэм щилъэгъуауэ щытати, ди сабийхэми абыкIэ яхуэупсащ. А щIыкIэм тету ХьэтIохъущокъуэхэ я хадэм аргуэру зы щIыпIэ хьэлэмэт къыщыунэхунущ.

**ХЬЭГУАРЭ Джамилэ.**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2009 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м* — *№626-рп*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыIэ зэрыщыхъуам къыхэкIыу:

1. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын 2009 - 2010 гъэхэм я щIымахуэ лъэхъэнэм унэхэр 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м щегъэжьауэ гъэплъын щIадзэну.

2. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкIэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Абрэдж А.Хь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МЕРКУЛОВ Александр**

● Щэнхабзэ

### Нэхъыжьхэм я лъэIукIэ

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ жэпуэгъуэм и 1-м и щыщIэдзауэ ирагъэкIуэкI «ГущIэгъу» мазэ лэжьыгъэр и кIэм нэблэгъащ. Хабзэ хъуауэ, илъэс 15 лъандэрэ зэрекIуэкIым тету, нобэ сыхьэтыр 11-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щагъэлъапIэ республикэм и нэхъыжьхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ районхэмрэ я лIыкIуэу 350-м фэеплъ тыгъэхэр хуащIынущ, концерт хьэлэмэт ирагъэлъэгъунущ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъ цIэрыIуэхэр зыхэт концертым и программэр зэхалъхьащ ди нэхъыжьхэм я лъэIукIэ.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэу къэралым и тхыдэр зи лIыгъэрэ егугъуныгъэкIэ зэтезыгъэувахэм псалъэ гуапэхэр жраIэнущ Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэм, республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Пенсэ фондымрэ я унафэщIхэм.

**УЭСМЭН Маринэ.**

### ЗэфIагъэкIахэр къапщытэж

**Ди газетым зэрытетащи, жэпуэгъуэм и 23-м екIуэкIащ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министерствэм и коллегием хэтхэм я зэIущIэ. Абы щытепсэлъыхьащ блэкIа мазибгъум министерствэм илэжьахэм, къэнэжа мазищым зэфIагъэкIыну я мурадхэм.**

Министр Пащты Борис.

● Коллегиехэр

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр **Пащты Борис.** Апхуэдэу къэпсэлъащ министерствэм щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Джаппуев Муссэ,** «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

- БлэкIа мазибгъум ди IуэхущIапIэм лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ. 2009 гъэр щIалэгъуалэм я илъэсу зэрагъэувам къыхэкIыу дауэдапщэ 35-рэ къызэдгъэпэщын хуейуэ дубзыхуати, зэрыгурыIуэгъуэщи, и нэхъыбапIэр едгъэкIуэкIагъэххэщ, иджыри зыбжанэ къэнащи, илъэсыр и кIэм нэсыху дыпэлъэщыну къысщохъу, - жиIащ Пащтым. - Зи гугъу сщIы, едгъэкIуэкIа дауэдапщэхэм къахэзгъэщхьэхукIыну сыхуейт «Сэ Урысейм срицIыхущ», «Студент гъатхэ» щIыналъэпсо фестивалхэр, нэгъуэщIхэри. Иужьрейр илъэси 5 хъуауэ Кавказ Ищхъэрэм щрамыгъэкIуэкIыжами, куэд къызэщIедгъэубыдэну тхузэфIэкIащ. Абы хэтащ цIыху мин 12-м нэс. СызэригугъэмкIэ, ар нэщэнэфIщ икIи а Iуэху дахэр едгъэкIуэкIынымкIэ зи къару къытхэзылъхьахэм фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт. Псом хуэмыдэу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм.

Апхуэдэу ди министерствэм къепха лэжьакIуэ щIалэхэм я щIэныгъэм хагъэхъуэнымкIэ едгъэкIуэкIахэри хызобжэ ди ехъулIэныгъэхэм. ЦIыху 500-м нэс дгъэхьэзыращ, я щIэныгъэм хедгъэгъэхъуащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт зы никъусаныгъэ. Ар ди щIалэгъуалэм ядэлэжьэн, мы унэтIыныгъэмкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэхэр дызэримащIэращ. Сыт хуэдизкIэ мы Iуэхум делэжьами, зымащIэ тэкIукIэ ди пIэм дикIауэ аращ. Абы сытым дежи дегъэгузавэ.

Ди ехъулIэныгъэхэм ящыщ зыщ «Кавказыр ди зэхуэдэ псэупIэщ» зыфIэтщауэ едгъэкIуэкIа конференцыр. Абы хэтащ политик щIалэхэр. Арменияем, Азербайджаным, Куржым, Абхъазым, ЮФО-м и щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр дгъэхьэщIащ, щIалэгъуалэр зэдгъэцIыхуащ.

Мэкъуауэгъуэм и 27-м ирихьэлIэу дгъэлъэпIащ ЩIалэгъуалэм я махуэр. Абы щыгъуэми дауэдапщэ зыбжанэ едгъэкIуэкIащ, гъэлъэгъуэныгъэ, концерт, пэкIу зэмылIэужьыгъуэхэр къызэдгъэпэщащ.

БлэкIа мазибгъум къриубыдэу, министерствэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ кърихьэжьэми, сыт хуэдэ IуэхугъуэщIэ къыхэтлъхьэми цIыхухэр щыгъуазэ тщIыуэ тхыгъэ 200-м нэс республикэм къыщыдэкI газетхэм къытредгъэдзащ.

Гулъытэ щхьэхуэ хуэсщIыну сыхуейт ди хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьэкIэм, ахэр зыхуей IэмэпсыхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуам. Псалъэм папщIэ, щIыпIэ телевиденэм хухах зэманыр нэхъыбэ егъэщIыныр, видеокамерэ, машинэ къахуэщэхуныр, къинэмыщI Iуэхугъуэхэри яхудэтхыныр ди къалэн нэхъыщхьэхэм хыдобжэ икIи а лъэныкъуэмкIэ тхузэфIэкI къэдмыгъанэу дяпэкIэ дылэжьэнущ, IуэхугъуэщIэхэри къыхэтлъхьэнущ.

Министерствэм щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Джаппуев Муссэ Пащтым зи гугъу ищIа Iуэху щхьэхуэхэм къытеувыIащ, нэхъ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ. Абы и ужь псалъэ иратащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

- Псом япэ къыхэзгъэщыну сыхуейт КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрыр жэуаплыныгъэ зыхэлъ, зи лэжьыгъэм хуэпэж цIыхуу зэрыщытыр. Апхуэдэу тхьэмахуэ къэс ди редакцэм къыIэрохьэ министерствэхэм ялэжьыну яубзыхуар. Гу зэрылъыстамкIи, мы министерствэм нэхъ Iуэху нэхъыбэ зэфIэзыгъэкIрэ зи лэжьыгъэм пэжу бгъэдэтрэ диIэкъым. Псори хъарзынэщ, щIалэгъуалэми ядолажьэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми я нэIэ трагъэтщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, СМИ-м нэмыплъ къытхуащI. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, Печатым и Унэм и лэжьэкIэр яхъуэжу, министерствэр зыхуей сэфэтым ирагъэувэну, езым къызэрипхыну хущIокъу. Мазэ зыбжанэ и пэкIэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен щыжиIауэ щытащ СМИ-м и лэжьэкIэмкIэ зэрыарэзыр, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр къыхэлъхьэн хуейми, япэ щIыкIэ абыхэм я унафэщIхэм зэречэнджэщыпхъэр. АрщхьэкIэ министерствэр хущIокъу ди лэжьыгъэ гъэпсыкIэр зэрихъуэкIыну, къемызэгъ гуэрхэри къытхалъхьэну.

Мэлбахъуэ Тиморэ и зэман лъандэрэ редакцэхэм я лэжьэкIэр плIэ яхъуэжауэ щытащ. Сэ езыр илъэс куэд щIауэ мы IэнатIэм сыпэрытщ икIи иджырей гъэпсыкIэм фыхэIэбэмэ, никъусаныгъэ куэд къызэрыкъуэкIынур фIыуэ сощIэ. Абы къыхэкIыу, къытхуащI унафэр нэхъри ткIийщ ящIыну, лэжьакIуэщIэхэр къыдапхыну, унафэщIыщIэхэр къытхуагъэувыну Iуэху зезыхуэхэм я мурадхэр къазэремыхъулIэнур си фIэщ мэхъу. Щхьэусыгъуэм фыщIэупщIэмэ, мис мыпхуэдэ щапхъэ къэсхьынщ. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэми къыщыхалъхьат апхуэдэу СМИ-м я лэжьэкIэр яхъуэжыну. А щIыналъэм и журналистхэм зыкъаIэтащ я Iуэхур зэрымыкIуатэм, зэса жыпхъэм трагъэкIыу, къагурымыIуэ «гъуэгум» зэрытрагъэувам щхьэкIэ. Унафэр къащтэри, махуэ 20 зэрыдэкIыу, КъШР-м и Президент Эбзеев Борис ар Iуихыжащ икIи Iуэхур къызэтрагъэувыIащ, программэр и кIэм нэсу зэрамыгъэхьэзырам, абы фIы лъэпкъ къызэримышэр зэрынэрылъагъум къыхэкIыу.

Ар щапхъэфI дыдэу къысщохъу икIи ди къуэш республикэм щаIэщIэкIа щыуагъэр тлъагъуу, дэ ардыдэр щIэтщIэжын щыIэкъым. Абы дерс къыхэтхыфын хуейщ. Иджыри зэ къытызогъэзэжри, КъБР-м и Президентым унафэ ищIащ дэ фыкъыдэчэнджэщынуи, иджыри къэс зыми зыри къыджимыIауэ, зы псалъэкIэ зыкъытхуамыгъэзауэ, къыхэфлъхьа Iуэхур вгъэкIуэтэну яужь фитщ.

Апхуэдэу фигу къэзгъэкIыжынщи, зи гугъу сщIа зэIущIэм Къанокъуэм игу къеуащ газетхэм я тиражыр зэрымащIэр. Абы гулъытэ лей хуэщIын зэрыхуейр зым и дежкIи щэхукъым, ауэ дэ ди къару закъуэкIэ ар зэфIэкIынукъыми, министерствэм зыкъытщIигъэкъуамэ, ди Iуэхухэри нэхъ кIуэтэнут. Газетеджэхэм мащIэу дазэрыдэлажьэмкIэ дэ дывогъэкъуаншэ, ауэ фэ фыкъыддэIэпыкъуну фыхуейкъым. Апхуэдэу хъунукъым, - къыхигъэщащ ХьэфIыцIэм.

Пащтым жиIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм къиIэтахэм теухуа зэIущIэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщу абы щытепсэлъыхьыну, зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр щыIэми, ахэр зэрагъэзэкIуэжыным зэрыхэтынур.

АдэкIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм, зи лэжьыгъэм хуэпэж, хъарзынэу зыгъэзащIэ, фIыщIэ тхылъ зыхуагъэфэщэну траухуахэм я цIэхэр кърaIуащ. Коллегием нэгъуэщI унафэ зыбжанэ къыщащтащ, IэIэткIи абыхэмкIэ арэзы зэдэхъуауэ зэбгрыкIыжащ.

**КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Коллегиер йокIуэкI.



Къамбий Аслъэн

● Дзюдо

### Къэралым и абсолютнэ чемпион Къамбий Аслъэн

**Жэпуэгъуэм и 22 - 25-хэм Налшык щекIуэкIащ дзюдомкIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я урысейпсо чемпионат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зэхьэзэхуэм щахъумащ спортсмен 25-м, абы щыщу 3-р цIыхубзщ.**

Урысей Федерацэм и чемпионатым ди дзюдоистхэм зэфIэкIышхуэ къызэрыщагъэлъэгъуам и щыхьэтщ дыщэ медалу тIу, зы дыжьын, жэзу медалитI республикэм къызэрыхуахьар.

Килограмм 73-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым жэз медалыр къыщихьащ ди лъэпкъэгъу **Къуэдзокъуэ Мурат,** апхуэдэуи нэхъ хьэлъэ дыдэ гупым ещанэ щыхъуащ **Хъурсинэ Артур.** Килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я гупым ди лъэпкъэгъу **Мудрэн Беслъэн** къыщефIэкIар мэзкуудэс Хорошилов Антон и закъуэщ икIи дыжьын медалыр къихьащ.

Нэгъабэ екIуэкIа чемпионатым и дыжьын медалыр къызылъыса **Щад Мурат** килограмм 81-рэ зи хьэлъагъхэм я гупым къыпэлъэщын къахэкIакъым. Зэхьэзэхуэм и финалым абы хигъэщIащ Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыкIуэ Пщымахуэ Арсен.

Ди щIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр щIигъэбыдэжащ нэхъ хьэлъэ дыдэ дзюдоистхэм я зэпеуэм щытекIуа **Къамбий Аслъэн.** Ар къэралым и абсолютнэ чемпион хъуащ икIи «ВАЗ-2107» автомашинэр тыгъэ къыхуащIащ.

ДзюдомкIэ цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я урысейпсо чемпионатым щытекIуахэм кубоккхэмрэ медалхэмрэ иратащ.

Чемпионатым и судья нэхъыщхьэу щытащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **Емкъуж Мухьэмэд.**

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

Къуэдзокъуэ Мурат

Хъурсинэ Артур

● Гъуазджэ

### «Пащтыхьым и адыгэ щхьэхъумэхэр» фильмыр нэхъыфIхэм хабжэ

**«Налшык» НОТР-мрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я жэрдэмкIэ ежьауэ 2009 гъэм и гъэмахуэм Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и къалащхьэ Амман щыIащ Хасэм и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкIэ и къудамэм и редактор Ныбэжь Таисэрэ телевиденэм и оператор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Карповский Владимиррэ.**

**А къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм, къыхэгъэщхьэхукIауэ къапщтэмэ, Иорданым и пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм и адыгэ хъумакIуэхэм ятеухуауэ абыхэм траха фильмыр «Налшык» НОТР-мкIэ къагъэлъэгъуащ шыщхьэIум и 14, жэпуэгъуэм и 27 махуэхэм.**





АММАН щытраха фильмым теухуауэ ар тезыхахэм дыгъуасэ хъыбарыфI къаIэрыхьащ: «Пащтыхьым и адыгэ щхьэхъумэхэр» зыфIаща фильмыр нэхъыфIу къыщалъытащ иджыблагъэ Санкт-Петербург щекIуэкIа IV дунейпсо кинофестивалым. Зэпеуэм хэтыну къэралипщIым ягъэхьэзыра фильм 200-м щыщу утыку кърахьар, къэпщытакIуэ гупым «и нэфI зыщыхуа» лэжьыгъэхэр тIощI къудейщ зэрыхъур. А бжыгъэм хэхуащ Ныбэжь Таисэрэ Карповский Владимиррэ Амман щытраха фильмри. Еджагъэшхуэ цIэрыIуэ Капицэ Сергей зи пашэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэм зыжьэу а фильмыр нэхъыфI дыдэхэм халъытащ икIи «Хэкужьым пэIэщIэу псэу хэхэс адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэр, я дунейр къэгъэлъэгъуэным зэрыхуэунэтIам папщIэ» щIыхь тхылъри фильмым къыхуагъэфэщащ.

Фильмым щыщ зы теплъэгъуэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Урысейм и Ипщэ щIыналъэм щыщ журналистхэм ягъэхьэзырауэ кинофестивалым иращIэкI зэхьэзэхуэм пхыкIар а фильмым и закъуэу зэрыщытыр. Кинофестивалым и къэпщытакIуэхэми, абы щагъэлъагъуэ фильмхэм еплъыну зыкърезыгъэхьэлIахэми яфIэгъэщIэгъуэну еплъащ ди лъахэгъу журналистхэм ягъэхьэзырам. Псом хуэмыдэу Iэгуауэшхуэ къаIэтащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а фильмыр техыным мылъкукIэ зэрыдэIэпыкъуар утыкум щыжаIа нэужь, икIи абы и жумартагъыр, лъэпкъ Iуэхум хуиIэ гудзакъэр Урысейм и адрей щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм щапхъэу хуагъэлъэгъуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Пащтыхьым и адыгэ щхьэхъумэхэр» телефильмыр техыным елэжьащ режиссерхэу Вэрокъуэ Владимиррэ Мартиросовэ Ринэрэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, журналист Ныбэжь Таисэ, оператор Карповский Владимир, монтажер Пачаджи Андрей сымэ.

**ГЪУКIАКЪУЭ Инал.**

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

*Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!*

Фигу къыдогъэкIыж 2010 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щыптедзэ хъунущ республикэм и почт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

### Ямышхыпхъэ яIухуауэ хуагъэфащэ

**Урысей, украин хыдзэлIхэр лIауэ ЮАР-м къыщагъуэтыжащ.**

ЮАР-м есылIа кхъухьым исахэм ящыщ зыбжанэ лIауэ я каютэхэм къыщагъуэтыжащ. КъищынэмыщIауэ, Урысейм щыщ хыдзэлI куэд хьэлъэ дыдэу сымаджэщым нагъэсащ. Абыхэм къащыщIари зэрылIыкIари къахутакъым, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, емызэгъын гуэр яшхауэ аращ.

Экипажыр Урысеймрэ Украинэмрэ щыщ цIыху 28-рэ хъурт.

### Блыщхьэ жэщым

**Минск деж кхъухьлъатэ къыщехуэхащ.**

Блыщхьэ жэщым бизнес-класс кхъухьлъатэр Минск и аэропортым деж къыщетIысэхыну зигъэхьэзырат, ауэ километри 4-кIэ нэсакъым. Кхъухьлъатэм илэжь псори зытх Iэмэпсымэр къагъуэтыжащ. Насыпыншагъэм цIыхуи 5 хэкIуэдащ, абы яхэтащ кхъухьлъатэр зей «С-ЭЙР» авиакомпанием и унафэщIри.

Насыпыншагъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ къалъытэр ар къыщетIысэхым и гъуэгум зэрытекIаращ.

### «Махьмэт Цыплъ» яIэщIэкIакъым

**Автобусыр щыщIапщыкIым, милицэм и лэжьакIуэхэм кIэрахъуэкIэ къахэуа бзаджащIэр яукIащ.**

Исхэм я тхылъхэм еплъыну Шэшэным и Наур куейм автобусыр къыщагъэувыIат. Милицэр щыгъуазэт абы бзаджащIитI зэрисым. Зыхуагъэфащэхэр кърагъэтIысыкIри, я тхылъым щыщIэупщIэм, зым кIэрахъуэ кърихри милицэм и лэжьакIуэ щIалитIыр иукIащ, езыр щIэпхъуэжащ. Ауэ хабзэхъумэхэм ар яIэщIэкIакъым икIи къащыпэувым, яIэщIэкIуэдащ.

«Махьмэт Цыплъ» зыфIаща, куэд щIауэ милицэм къилъыхъуэ Буцаев Магомед Новотерскэ къуажэм щыщт, илъэс 25-рэ и ныбжьт.

### Студентхэм зыкъаIэт

**Афганистаным и студентхэм зыкъаIэтащ.**

Махуэ зыбжанэ хъуауэ Кабул хьэргъэшыргъэшхуэ щокIуэкI. Абы дэт университетым и студентхэм яхуэшэчакъым америкэн сэлэтхэм КъурIэн лъапIэр зэрагъэсар. Зэхэуэм полицэм и лэжьакIуэ 15-м уIэгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щагъуэтащ.

Хэхыныгъэхэм ирихьэлIэу къэралым зэгурымыIуэ къыщыхъуныр зи фейдэхэм я «IэщIагъэу» къыщIэкIынущ американхэм ялэжьа гуэныхьышхуэр.

### Иджы

◆ **Урысейм и ВВС-м и армэ авиацэм и махуэшхуэщ**

◆ 1900 гъэм къалъхуащ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа икIи и классик, усакIуэ щэджащэ **ЩоджэнцIыкIу Алий.**

◆ 1942 гъэм Дзэ Плъыжьым Налшык нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къахуигъэнащ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 35-м, къухьэжынущ сыхьэт 17-рэ дакъикъи 5-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-рэ.**

*ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар* **КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЩыщIэ нэхърэ, мащIэшх.**

# Ислъамым и нур

**Фlэхъус зэхыныр хабзэфIщ. Ауэ абыи зытепсэлъыхьыпхъэ гуэрхэр хэлъщ. Языныкъуэхэр щыгъуазэкъым, псалъэм папщIэ, мэжджытым фIэхъусыр щызэпх хъунрэ мыхъунрэ.**

● Нэхъыжьым и псалъэ

## ФIэхъус зэфх

«СЭЛАМ» псалъэм къикIыр «мамырыгъэщ». Ар Алыхьым и цIэ лъапIэу 99-м ящыщ зыщ. «Мамырыгъэр зыхэлъу дунейхэм я тепщэ» - жеIэ КъурIэн Iущым Дыкъэзыгъэщlам щхьэкIэ. Дэри «Ассаламу алейкум» - щыжытIэкIэ, гу къабзагъэкIэ, мамырыгъэкIэ дохъуахъуэ. Ар муслъымэным и нэщэнэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

«Сэламыр куэд фщIы» - жиIэгъащ ди бегъымбар лъапIэм. Сэлам щызэтхкIэ, диг ухэр нэхъ щабэ мэхъу, фIыу э дызэролъагъу, пщIэ зэхудощI. ФIэхъусыншэр псэущхьэхэращ, цIыхухэркъым. Ауэ псэущхьэхэми я пэхэр, я бжьакъуэхэр зэщахъуэ, фIыуэ зэрызэхущытыр ягъэлъагъуэу.

Гъуэгу утехьэмэ, нэхъыщIэм сэламыр япэу итын хуейщ. Ауэ нэхъыщIэр бгъэсэн щхьэкIэ, унэхъыжьми, сэлам птыныр Iуэхум къозэгъ. ЦIыхухэр зэхэсмэ, яхыхьэращ е блэкIращ сэламыр япэу зытыпхъэр. Куэдым нэхъ мащIэр щрихьэлIэкIэ, нэхъ мащIэращ сэламыр япэу къызыбгъэдэкIыпхъэр. Апхуэдэу умыщIынри Iэмалыншэкъым, ауэ дэ зи гугъу тщIыр нэхъ тэмэмырщ, Iэдэбыгъэ зыхэлъырщ.

Зыгуэрхэм щыжаIэ къохъу зэ фIэкIа махуэм сэлам зэхын хуэмейуэ. Ар пэжкъым. Узэхуэзэх у зэпхыпхъэщ. Сыт щхьэкIэ? Алыхьым и цIэхэм ящыщщи, сэлам щыпткIэ, псапэ уиIэщ.

КъурIэн Iущым итщ мы псалъэхэр: «ФIэхъус къывахмэ, нэхъ дахэкIэ е хуэдэкIэ ефхыж» (сурэ 4, Iэят 86). Бегъымбар лъапIэми жиIэгъащ: «Сэлам къущахкIэ, ехыж». Абы къикIыр мыращ: сэлам къозыхым Iэмал имыIэу уэри епхыжыпхъэщ.

Мэжджытым ущыщIыхьэкIэ, узэхуэзэмэ, сэлам щэхуу зэфх, ину, псоми зэхахыу ущIэпсэлъэн щыIэкъым: мэжджытым щIэсхэм (нэмэз зыщIхэм, КъурIэным еджэхэм) зэран уахуэмыхъумэ нэхъыфIщ.

КъурIэн Iущым къыщыкIуащ: «Унэ щIыбымкIэ Бегъымбарым фыкъыщемыджэ» псалъэхэр. Пасэ зэманым, гъэсэныгъэ яхэмылъу, Бегъымбарым зыгуэрхэр уэрамым тету къеджэрт. Ар Тхьэм идакъым. Муслъымэныр бжэмкIэ щIыхьэн хуейщ. ЗигъэIэуэлъауэмэ, бжэм теуIуэмэ тэмэмщ. «Мыр си къуэщщ, сихамэкъым» - жыпIэу бжэр зэIубдзыныр диным къемызэгъщ. Уи унэрами, укIуэжамэ, макъ бгъэIуу ущIыхьэн хуейщ. ПщIэркъым уи унэрысхэм уамыгъэлъагъун гу эри щыIэнкIи мэхъу.

«Уэ Iиман зиIэхэ! Унэ фыщIэмыхьэ, хуит фыкъамыщIауэ» - жеIэ КъурIэн лъапIэм. IуэхукIэ узэрыхьэ унагъуэм зребгъэхьэлIэн хуейкъым шхэгъ уэу е жеигъуэу. Мыхъуххэнур цIыхухэм уакIэщIэдэIухьынырщ, уакIэщIэплъыхьынырщ. Бегъымбарым жиIащ «апхуэдэхэм (плъакIуэ-дэIуакIуэхэм) я нэхэр ипщIми» хъуну.

Хабзэ дахэхэм ящыщщ, муслъымэнхэр дыщызэпсалъэкIэ, дызэтемыкIие у, дахэкIэ, макъ щабэкIэ дызэрызэг урыIуэр. Муслъымэн псори Iэдэбу дызэхущытын хуейщ. Псалъэр лъэщ зыщIыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, макъым и инагъыркъым, и купщIэрщ. Ар къыдгурыIуэу, гуапэ у дызэхущытыпхъэщ, зым адрейр дгъэ лъапIэу.

Ди зэманым телефонкIэ, нэгъуэщI IэмалхэмкIэ зэпсалъэр ку эд хъуащ. ЦIыхухэм, зэрымылъагъуми, дапщэщи пщIэ зэхуащIыпхъэщ. НэгъуэщIым пщIэ хуэпщIмэ, уи щхьэми хуэпщIыжу аращ, уи гъэсэныгъэр зыхуэдэр IупщIу уогъэлъагъуэри.

Ялыхь, гу къабзэкIэ сэлам зэзыххэм, мамыру зэ дэпсэухэм ящыщ дыщI!

**ХЪУАЖЬ Мухьэмэд-Хьер,**
*диным и лэжьакIуэ.*

● Духьэшыхэр



## Аракъэ насып жыхуаIэр?

**Муслъымэнхэм ящыщ куэдым фIыуэ яцIыху Лашынкъей къыщыхъуа, мы зэманым Налшык щыпсэу, дин хабзэхэр гъэзэщIэнымкIэ щапхъэфI зыгъэлъагъуэ Тхьэзэплъыж Хьэмидбий.**

ПАСЭ ДЫДЭУ дихьэхат ар духьэ лъапIэхэр зэгъэщIэным. АбыкIэ сэбэп къыхуэхъуат и анэ ХьэкIулэ, къуажэдэсхэм пщIэшхуэ зыхуащI нэхъыжьыфI Нэгъуей ТIатIу сымэ.

Зэманыр екIуэкIыурэ, къуажэ еджапIэр къиухри, дзэ къулыкъум ираджащ. Ди республикэм къигъэзэжа нэужь, унагъуэ хъури, «Севкавэлектроприбор» заводым щылажьэу щIидзащ слесарь-инструментальщикыу. Илъэс куэдкIэ яхэтащ IэщIагъэлI пэрытхэм, щытхъу тхылъ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр зратхэм. И гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэр, жылагъуэ лэ жьыгъэхэми зэрыщыпашэр къалъытэри, «Волга» автомашинэ пуд дыдэу къращэгъащ.

Пенсэм зэрыкIуэу, дин Iуэхухэм щIэрыщIэу дахьэхыж, фIыцIагъэ лъапIэр едж, псапащIэ Iуэхухэми жыджэру хохьэ.

Тхьэзэплъыж Хьэмидбий и кIэныр къикIащ унагъуэ насыпкIи. Абырэ и щхьэгъусэ Зоерэ зэдапIащ, унагъуэ щхьэхуэ-щхьэ хуэу ягъэтIысыжащ щIалищрэ зы хъыджэбзрэ. Бынхэри, я адэ-анэм я щапхъэфIым тету, хьэлэлу, гуащIафIэу, куэдым пщIэ къыхуащIу я лэжьыгъэ IэнатIэм пэрытщ. Аракъэ насып жыхуаIэр?!

*Тхыгъэри сурэтри* **ХЬЭМТIУ МуIэед** *ейщ.*

# КъурIэным и купщIэр

● Япэ - еханэ сурэхэр

**1**. Мы сурэм хьэрыпыбзэкIэ зэреджэр «Аль-Фатихьэ»-щ, «ЩIэдзапIэ» мыхьэнэ иIэщ. ФIыцIагъэ лъапIэм и анэу, и гупсэу ялъытэ. Сурэ нэхъ лъапIэ дыдэщ, муслъымэныгъэм и лъабжьэщ. Ар щыжамыIэу зы нэмэзи, тхьэлъэIуи, дин IуэхущIафэ гуэри щыIэкъым. Сурэр щыхьэт тохъуэ Дыкъэзыгъэщ Iар зэрызакъуэм, зэрылъэщым, зэрыгущIэгъулым. ТхьэрыIуэ лъапIэщ, Алыхьым хуэгъэза лъэIущ, гъуэгу захуэм тетыным и мыхьэнэр зэрыиным теухуауэ. Iэятибл хъу усыгъэ телъыджэр Тхьэм и тыгъэу ди бегъымбарым къыхуехащ.

**2**. **«Аль-Бэкъэрэ»** (**«Жэмыр»**). КъурIэным и сурэхэм я нэхъ кIыхь дыдэщ (Iэяту 286-рэ мэхъу). И цIэр къызытекIар Iуэху мыщхьэпэм и пэжыпIэр зэхэгъэкIыным теухуауэ яукIа жэмыщIэрщ. Сурэм къыщыдощIэ Ислъамыр къэунэхуным и пэкIэ цIыхухэм яIа псэукIэр, Iиман зиIэхэм, зимыIэхэм, фэрыщIхэм я шыфэлIыфэр. ЦIыхур Тхьэм къызэригъэщIар, къыщIигъэщIар, зыхэхуа гугъуехьхэр; ИсраIил и бынхэм яIэщIэкIа щыуагъэхэр, Муса, Хьиса бегъымбархэм я къекIуэкIыкIар, ялэжьа Iуэхухэр, хьэрыпхэмрэ журтхэмрэ къызытехъукIа Ибрэхьим бегъымбарым игъэхъахэр, Мухьэмэд и бегъымбарыгъэр щIахъумэну, зэран хуэхъуну хущIэкъуурэ, лъэпкъ щхьэхуэхэм ягъэшахэр; Чэбэм и тхыдэр; фIэщхъуныгъэм, цIыхуфIагъым, нэмэз щIыным, гущIэгъум, хьэлэлагъым, бэшэчагъым, сэдэкъэм, Джихьадым, фадэ ефэным, джэгукIэ хьэрэмхэм ятеухуа уазхэр; хьэж зэращI щIыкIэр; ТIалутI, ДжалутI, Дауд сымэ (Тхьэр арэзы къахухъу!) зыхуэдар, Алыхь Иным и зэфIэкIхэр зэрыгъунапкъэншэр («тахътэ усэ» жыхуаIэ 255-нэ Iэятыр); Iиманым, жыIэщIагъэм, жэуаплыныгъэм, нэмэзым пыщIа къыхуеджэныгъэхэр.

**3**. **Аль-Хьимран (Хьимран и унагъуэр)**. Зытепсэлъыхьыр япэ, етIуанэ сурэхэм зи гугъу ящIыр зэрыпэжырщ, обществэр куэдкIэ жэуаптакIуэу зэрыщытырщ. Чыристанхэм яхуэгъэза къыхуеджэныгъэщ, ДиныщIэр хэти зэрыхуэщхьэпэнум, ар зымыдэхэм я Iуэхухэр зэрыдэмыкIынум, Хьимран и унагъуэм и къекIуэкIыкIам, Хьиса (Иисус Христос) дунейм къызэрытехьам, Iиман зиIэхэр зэкъуэувэн зэрыхуейм, Бэдр, Iухьуд зауэхэм я дерсхэм, Алыхьым и Iуэхур псоми зэратекIуэм теухуащ.

**4**. **Ан-Ниса (Бзылъхугъэхэр)**. IыхьитIу зэхэлъщ. Япэрей Iыхьэм егъэбелджылы унагъуэм щыщхэм яIэ хуитыныгъэхэр. ЕтIуанэрей Iыхьэм зи гугъу нэхъыбэу ищIыр гъуэщахэрщ, щыуахэрщ, фэрыщIхэрщ, диным хьэлэлу хущымытхэрщ. Сурэм къеIэт цIыху псоми я зэкъуэтыныгъэм, цIыхубзхэм, зеиншэхэм яIэ хуитыныгъэхэм, унагъуэм илъыпхъэ нэмысым, цIыхуфIагъым, захуагъэ нэсым быдэу пыщIа Iуэхухэр. Мажусийхэр къыхуреджэ Ислъамым еувэлIэну. КъытхуеIуатэ напитIхэр, фэрыщIхэр, епцIыжакIуэхэр зыхуэдэр, дэтхэнэ зыри и гъащIэм, и пщIэм хуэсакъын, захуагъэм, купщIафIэу псэлъэным егугъун зэрыхуейр, фIыцIагъэ лъапIэр къызыхуехахэм (журтхэмрэ чыристанхэмрэ) я щыуагъэхэр.

**5**. **Iэл-МаIидэ (Iэнэ узэдар)**. Сурэм цIыхухэр къыхуреджэ Алыхьымрэ цIыхубэмрэ хуаIэ къалэнхэр тэмэму ягъэзэщIэну, жылагъуэ гъащIэр зэпэщ щIыным хущIэкъуну; къегъэнаIуэ нэмысым и плъыфэхэр, Iэпкълъэпкъыр къабзэу, дэтхэнэ цIыхури захуагъэм и уэчылу зэрыщытыпхъэр; ибзыщIыркъым иудейхэр пэжыгъэм зэрыпэIэщIэр, я псалъэм зэрепцIыжыр; дыхегъэгъуазэ Къабил и къуэш Хьэбилыр зэриукIыжам, абы кърикIуахэм; тэмакъкIыхьагъым, захуагъэм зэрыхущIэкъупхъэм, ауэ уи Iумэтыр нэгъуэщIхэм я ауаным щыпхъумэн зэрыхуейм, фIыгъуэ къыдитахэм щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ зэрыхуэтщIыпхъэм, мыгъуагъэ Iэджэ (фадафэхэр, джэгукIэ хьэрэмхэр, жьэ бзаджэ зиIэхэр, пцIыупсхэр, нэгъуэщIхэри) зэрыщыIэм; Хьиса бегъымбарым иIа зэфIэкIхэм, абы и къекIуэкIыкIам пыщIа хъыбар нэпцIхэм.

**6**. **Аль-Анхьам (Iэщхэр)**. Алыхьым и щытыкIэр, мажусийгъэр пэжым къызэремызэгъыр; дуней гъащIэр зэрынэпцIыр, Алыхьым и Iуэхухэр зэрыиныр икIи зэрыгъунапкъэншэр; Ибрэхьимрэ Тхьэр зэрызакъуэм теухуа Iуэху еплъыкIэмрэ; адрей бегъымбархэр, абыхэм дызыхуагъэIущхэр; псэ гъуэщахэмрэ абыхэм къапэщылъ тезырхэмрэ; Алыхьым и Iуэхухэр гъащIэм и лъэпощхьэпохэми цIыхухэм яхэлъ мыхъумыщIагъэхэми зэрапэлъэщыр; гъуэгу захуэм дэтхэнэ цIыхури зэрытеувапхъэр.

*Зыгъэхьэзырар*
**ТЕМЫРЖАН - ЕМЫКI Галинэщ.**
*(КъыкIэлъыкIуэнущ)*

# ЩэкIуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, тхьэмахуэ | 5.10 | 6.40 | 12.00 | 14.44 | 17.00 | 18.39 |
| 2, блыщхьэ | 5.11 | 6.41 | 12.00 | 14.43 | 16.58 | 18.38 |
| 3, гъубж | 5.12 | 6.43 | 12.00 | 14.42 | 16.57 | 18.36 |
| 4, бэрэжьей | 5.14 | 6.44 | 12.00 | 14.41 | 16.56 | 18.35 |
| 5, махуэку | 5.15 | 6.45 | 12.00 | 14.40 | 16.54 | 18.34 |
| 6, мэрем | 5.16 | 6.47 | 12.00 | 14.39 | 16.53 | 18.32 |
| 7, щэбэт | 5.18 | 6.48 | 12.00 | 14.38 | 16.52 | 18.31 |
| 8, тхьэмахуэ | 5.19 | 6.49 | 12.00 | 14.37 | 16.50 | 18.30 |
| 9, блыщхьэ | 5.20 | 6.51 | 12.00 | 14.36 | 16.49 | 18.29 |
| 10, гъубж | 5.22 | 6.52 | 12.00 | 14.35 | 16.48 | 18.28 |
| 11, бэрэжьей | 5.23 | 6.53 | 12.00 | 14.34 | 16.47 | 18.26 |
| 12, махуэку | 5.24 | 6.55 | 12.00 | 14.33 | 16.46 | 18.25 |
| 13, мэрем | 5.26 | 6.56 | 12.00 | 14.32 | 16.45 | 18.24 |
| 14, щэбэт | 5.27 | 6.57 | 12.00 | 14.31 | 16.44 | 18.23 |
| 15, тхьэмахуэ | 5.28 | 6.59 | 12.00 | 14.31 | 16.43 | 18.22 |
| 16, блыщхьэ | 5.29 | 7.00 | 12.01 | 14.30 | 16.42 | 18.21 |
| 17, гъубж | 5.31 | 7.01 | 12.01 | 14.29 | 16.41 | 18.20 |
| 18, бэрэжьей | 5.32 | 7.03 | 12.01 | 14.28 | 16.40 | 18.19 |
| 19, махуэку | 5.33 | 7.04 | 12.01 | 14.28 | 16.39 | 18.18 |
| 20, мэрем | 5.35 | 7.05 | 12.01 | 14.27 | 16.38 | 18.18 |
| 21, щэбэт | 5.36 | 7.06 | 12.02 | 14.27 | 16.37 | 18.17 |
| 22, тхьэмахуэ | 5.37 | 7.08 | 12.02 | 14.26 | 16.37 | 18.16 |
| 23, блыщхьэ | 5.39 | 7.09 | 12.02 | 14.25 | 16.36 | 18.15 |
| 24, гъубж | 5.40 | 7.10 | 12.02 | 14.25 | 16.35 | 18.15 |
| 25, бэрэжьей | 5.41 | 7.12 | 12.03 | 14.24 | 16.34 | 18.14 |
| 26, махуэку | 5.42 | 7.13 | 12.03 | 14.24 | 16.34 | 18.13 |
| 27, мэрем | 5.43 | 7.14 | 12.03 | 14.24 | 16.33 | 18.13 |
| 28, щэбэт | 5.45 | 7.15 | 12.04 | 14.23 | 16.33 | 18.12 |
| 29, тхьэмахуэ | 5.46 | 7.16 | 12.04 | 14.23 | 16.32 | 18.12 |
| 30, блыщхьэ | 5.47 | 7.18 | 12.04 | 14.23 | 16.32 | 18.11 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

# Къемэт махуэ, сэдэкъэ

● Хьэдисхэр

ГУЭНЫХЬЫШХУЭХЭМ ящыщщ: Алыхьым къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI зыгуэрыр тхьэуэ къэплъытэныр; адэ-анэм уемыдэIуэныр; цIыхур букIынымрэ абы пцIы теплъхьэнымрэ.

Дэтхэнэ цIыхуми и псэр гъэр хуещI пщэдджыжьым (и IуэхущIафэхэм яхуещI), пщыхьэщхьэм хуит къещIыж е еукI.

Алыхьыр уигу игъэлъи, уи пащхьэми щыплъагъунщ. Ущыбейм деж Алыхьыр уигу къэгъэкIи, ущыкъулейсызым деж Езым игу укъигъэкIыжынщ. ЗэгъащIэ: къыпщымыщIар къыпщыщI хъунутэкъым, къыпщыщIар къыпщымыщIу хъунутэкъым. ЗэгъащIэ:емылIалIэу текIуэныгъэр къахьыркъым, пфIэмыкIуэдIауэ къыпхуэгъуэтынуIакъым. Гугъу уемыхьауэ, зыбгъэпсэхужыркъым.

Шэч зэхуэвмыщI, аращ пцIыуэ щыIэм ящыщу нэхъ узыхуэмей дыдэр. Фи Iуэху зыхэмылъыр къэфщIэну фыхэту, зыр зым фыкIэлъымыплъ. ЗызыхуэвмыгъэщIагъуэ, фи пщIэр хэхъуэн фи гугъэу.

Алыхьым и жьауэм Къемэт махуэм деж щIигъэувэнущ къулейсызым телъ щIыхуэр хуэзыгъэгъуар е къыщритыжыну пIалъэр хуэзыгъэIэпхъуар.

МуслъымэнкIэ узэджэнур нэгъуэщI муслъымэным зи бзэкIи зи IэкIи зэран хуэмыхъурщ, мухьэжыркIэ узэджэнур Алыхьым хуит зыхуимыщIам и Iуэху зэримыхуэну зыхуэзыгъэшэчырщ.

Муслъымэным и хьэл-щэн нэхъыфIхэм ящыщщ и мыIуэху зэримыхуэныр.

ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр мафIэм къелынурэ зыкъомрэ щаIыгъынущ жыхьэнмэмрэ жэнэтымрэ я зэхуакум. Абдежым щапшыныжынущ къуаншагъэу дунейм щызэрахьахэр, итIанэ, къабзэлъабзэ хъужа нэужь, жэнэтым ягъэкIуэнущ.

Къэзыгъэзэжыр гуэныхьыншэм хуэдэ мэхъу.

Къемэт махуэм деж згъэкъуэншэнущ цIыху лIэужьыгъуищ: си цIэкIэ и псалъэр игъэбыдэу зыгъэпцIыжар; цIыху щхьэхуитыр гъэр зыщIар, зыщэжу къыщIиха мылъкур зыгъэкIуэдыжар; лIыщIэ къэзыщтэу, абы хузэфIэкIыр къезыгъэщIар, ауэ зи гуащIэдэкIым пэкIуэр езымытыжар.

НэщIыр зыхуащIэр Сэращ икIи Сэращ абы хуэфащэ тыгъэр хуэзыщIынур. Сэр щхьэкIэ цIыхум езым фIэфIу захуегъалIэ псым, ерыскъым, нэгъуэщIхэми.

Уей, Iэдэм и бын, уакъысхущымысхь уи фIыгъуэм щыщхэм, си фIыгъуэм щыщхэмкIэ узгъэфIэжынщ!

МыхъумыщIагъэ гуэр къыпIэщIэщIамэ, фIы гуэр лэжьыж, Iейр игъэкIуэдыжыфын хуэдэу.

ФIы влэжь - ар фыкъэзыхъумэну тхылъщ. Гуэныхь фщIамэ, фи гупсысэхэр фи къуаншагъэм и гурыгъум зэщIеубыдэ, псоми фыкъащIэнкIэ фигъэшынэу.

Къемэт махуэм деж Алыхьыр цIыхум япэу къызэреупщIынур нэмэзым зэрыхущытарщ. Тэмэму ар зыгъэзэщIам хэхъуэфI иIэнущ. ЗымыгъэзэщIам - хэщIыныгъэ игъуэтынущ.

ЦIыхум фIэщхъуныгъэ лъэпкъ иIэкъым зыгуэрхэр къыщидыгъум, шагъыр (фадэ) щрифым, хабзэншагъэкIэ лIыгъэ-фызыгъэ щилэжьым деж. Апхуэдэ гуэныхьхэр къэзыхьхэр гъэгъуныгъэкIэ Тхьэм елъэIун хуейщ.

Сэдэкъэ вгуэшыныр ажалым фиубыдыхукIэ фымыгъэIэпхъуэ «Мобы мыр, модрейм мор ефт» - жыфIэу. - Фи щIэин псори фяужь къинэхэм къахуонэ.

Диным и IэфIагъыр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэнур Алыхьыр зи Тхьэу, Ислъамыр зи дину, Мухьэмэд бегъымбарыр Тхьэм и лIыкIуэу къэзылъытэрщ.

Iэпкълъэпкъым уз хьэлъэр къеуа нэужь, сыт хуэдэ шхыныфI хузэблэпхми, сэбэп хуэхъужыркъым. ЦIыхум и гур гуэныхькIэ куда хъуа нэужь, уаз зэхиххэр зыхищIэжыркъым.

Дэтхэнэ муслъымэнми ихъумэн хуейщ нэгъуэщI муслъымэным и пщIэр, и мылъкур, и гъащIэр.

Бегъымбархэм яхэтакъым телъыджэ гуэр зрамыта. Сэ къызатар уэхьийкIэ Алыхьым къысхуригъэхараща, согугъэ гъусэ схуэхъунухэр Къемэт махуэм деж псом нэхърэ нэхъыбэу щытыну.

КъэзыгъэщIар гукъэкI зыщIымрэ зымыщIымрэ ещхьщ псэумрэ лIамрэ.

Къемэт махуэр къэсами, фи язызым жыгыщIэ цIыкIу IэщIэлъмэ, хузэфIэкIыххэнумэ, хрыресэ.

*Зэхуэзыхьэсар* **ПЩЫХЬЭЩIЭ ЛатIифщ.**

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.**

ИУЖЬРЕЙ зэманым узыфэ куэдыр ягъэхъуж, загъэмэжалIэурэ. Ар медицинэм къыщагъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ зыщ. ЖыпIэ хъунущ а Iэмалыр IэкIуэлъакIуэу къэзыгъэсэбэпхэр щIемыгъуэжу, къатехьэлъэ узыфэхэм хъарзынэу япэлъэщу.

Ауэ дыбзыщIынуи дыхуейкъым зыгъэмэжэлIэным никъусаныгъэ гуэрхэри зэрыхэлъыр. Япэрауэ, ар гугъуехь инщи, Iэджэм яхуэгъэкъарукъым. ЕтIуанэрауэ, зыгъэмэжэлIэныр зэмызэгъхэри мащIэкъым. Ещанэрауэ, зызыгъэмэжалIэхэм я Iэпкълъэпкъхэм ирикъуу яIэрыхьэркъым цIыхум и гъащIэмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ витаминхэр, протеин лIэужьыгъуэхэр. Абы къыхэкIыу лъыр нэхъ Iув мэхъури, дахэдахэу лъынтхуэхэм щызекIуэркъым, щIыпIэ-щIыпIэкIэ кIэтIийхэр щобэг, нэгъуэщI мыгъуагъэхэри сымаджэм къылъоIэс. Сыт щхьэкIэ? Зи гугъу тщIы IэмалымкIэ зэIззэхэм зэман кIыхькIэ загъэмэжэлIэн хуей мэхъури.

АтIэ, щыIэу пIэрэ зыгъэмэжэлIэным хэлъ сэбэпынагъыр зэрыпхъумэфын, никъусаныгъэхэр зэрыбгъэкIуэдыфын хэкIыпIэ гуэр? ЩыIэщ. Ар зыхуэкIуэжыр, муслъымэнхэм зэрахабзэу, унэщIыныгц. Абы шэч къытрахьэркъым диным и лэжьакIуэхэм. Сыт щхьэкIэ? Мухьэмэд бегъымбарым зэгуэрым жиIэгъащ мыпхуэдэу: «ФынэщIи, фи узыншагъэр ефIэкIуэнщ». А псалъэхэр я фIэщ хъуртэкъым мымуслъымэнхэм. Ауэ щIэныгъэлIхэм къахуташ нэщIыр сэбэп ин зэрыхъур, абы зыгъэмэжэлIэным пыщIа никъусаныгъэхэр зэрыхэмылъыр.

Муслъымэнхэр щынэщIкIэ, нэхъ зэгупсысыр Тхьэм къалэн лъапIэу къахуигъэувар (нэщIыныр) зэрагъэзэщIэнырщ. Ауэ абыхэм ящIэ Ислъамым цIыхум хузэфIэмыкIын гугъуехьхэр, узыншагъэмкIэ зэранхэр, пщэрылъ къызэрыпщимыщIынур.

Сыт хуэдэу зыхищIэрэ ди Iэпкълъэпкъым нэщIыныр? Зы жэщ-махуэм къриубыдэу цIыхум ерыскъы щызыIуимылъхьэ зэманыр мэхъу сыхьэт 12 - 16 хуэдиз. Япэрей сыхьэтищ-тхур токIуадэ ерыскъыр ди Iэпкълъэпкъым тэмэму игуэша хъуным. КъыкIэлъыкIуэ сыхьэтхэм йокIуэкI ерыскъыр гъэткIуныр, къанэ щымыIэу къарум, хущхъуэм хуэгъэкIуэныр. А зэманыр кIыхьыщэ пщIыныр зэранщ, зи гугъу тщIа мыгъуагъэхэр кърикIуэнкIэ хъунущи. Ауэ муслъымэным и нэщIыр пщыхьэщхьэм, дыгъэр къухьа нэужь, зэпегъэу, хощхьэжри. ЖыпIэнуракъэ, сэбэп зыпылъхэмкIэ къытхуоупсэри, зэран къытхуэхъунухэр къытлъигъэсыркъым.

Мыри гу зылъытапхъэщ. ЗызыгъэмэжалIэхэм зэIэзэу щыщIадзэр узыфэ шынагъуэр къахуэкIуа нэужьщ. НэщIыныр муслъымэнхэм я фарзщи, илъэс къэс ягъэзащIэ, езыхэр арэзыуэ, дэрэжэгъуэ яхэлъу узыфэ куэдыр яшхьэщокI, къемыуэлIэххэу. Аращ «профилактикэ» жыхуаIэри.

## СыткIэ зэщхьэщыкIрэ унэщIынымрэ зыбгъэмэжэлIэнымрэ

● УпщIэ - жэуап

САМУД лъэпкъыр щхъуантIагъэ куэд здэщыIэ щIыпIэм щыпсэурт, ерыскъы берычэт Алыхьым къаритауэ. ЦIыхухэм быдапIэ дэгъуэхэр яухуэрт, мывэхэр яупст, къурш нэкIухэм унэ дахэхэр къыхаIущIыкIырт.

Зэман кIыхькIэ ахэр насыпыфIэу псэуащ, зыхуей ягъуэту. Ауэ, а фIыгъуэ псори къезыта Алыхь закъуэр ящыгъупщэу, къалэжьа псори езыхэм я лIыгъэ къудейм къыпэкIуауэ къащыхъу хъуащ.

Дунейм цIыхур ехыжа иужькIэ псори кIуэдыжу, упщIи хьэзаби щымыIэу, къэзыгъэщIа Алыхь закъуэр къагъэнауэ, мывэм къыхаIущIыкI тхьэхэм хуэпщылIу щIадзащ. Лъэпкъыр Алыхьым и гъуэгум текIыу хуежьат. Абыхэм зыкъащIэжу, къэзыгъэщIа Алыхьыр ящымыгъупщэу, фIыгъуэу ябгъэдэлъыр къезытар ящIэу псэун щхьэкIэ Алыхьым Сэлихь и цIэу лIыкIуэ Самуд лъэпкъым къахуигъэкIуащ. Сэлихь цIыху къабзэу, Iущу, гу щабэ зиIэу псоми яцIыхут. Алыхьыр зи фIэщ мыхъуа лъэпкъхэм къащыщIар щапхъэу къахуихьу, пэжыр къагъанэу Алыхьым и унафэм щIэувэжыну абы цIыхухэр къыхуриджэрт.

Зэгуэрым Сэлихь лъэпкъыр зэхуишэсри яжриIащ:

- Си лъэпкъ дахэ, Алыхьым жыIэщIэ фыхуэхъу, фыхуэпщылI! Мы щIыпIэ фыкъызытригъэщIыхьам телъ фIыгъуэмрэ ерыскъымрэ къывэзытар аращ, нэгъуэщIым апхуэдэ лъэкIыныгъэ иIэкъым. Фи унэ абрагъуэхэр а щIым тефщIыхьащ, мывэ унэхэр щIэрыщIэу къуршым къыхэфIуэщIыкIащ. ЗэвгъащIэ, ар псори Алыхьым и тыгъэ лъапIэщ, фыщымыуэ, хабзэншагъэ фымылэжь.

ЦIыхухэм жаIащ:

- Сэлихь, уэ ди адэжьхэм ялъытэу, зыхуэпщылIу щыта ди тхьэхэр хыфIэддзэну унафэ къытхуэпщIу ара?

- А тхьэхэм фIыи Iеи фэ къыващIэфынукъым, зыри къыватакъым икIи зыри фIахакъым. Сытым фегупсысрэ абыхэм фи щхьэхэр щахуэвгъэщхъым и деж?

А псалъэхэм я ужькIэ цIыхухэм къахэкIащ Сэлихь жиIам егупсыса, и диным къихьа. Ахэр пагэтэкъым. Мылъкум дихьэхахэм, игъэудэфахэм ящыщтэкъым. Ауэ лъэпкъым и фэр изых беижьхэм жаIащ:

- Уа, Сэлихь, мы къыхуеджэныгъэм и пэкIэ пщIэ пхуэтщIу щытащ, ауэ иджы ди адэжьхэм я тхьэхэр бгъэпудащ, хыфIэддзэну унафэ къытхуэпщIащ. Уэ дызэрыпщымыгугъэауэ укъытхущIокI. Уи акъылым сэкъат имыгъуэтауэ пIэрэ?

- Уэ си лъэпкъ, си акъылри тэмэмщ, лажьи сиIэкъым. Фымыжакъуэу гъуэгу пэжым фытетыну фыкъыхуезджэу аркъудейщ. Алыхьым фыфIэлIыкI, жыIэщIэ фыхуэхъу. Сэ фи мылъку къыфтесхыну, зыгуэр къыффIэстхьэкъуну сыхэткъым. Дуней псом и тепщэм сэ си пщIэр къыслъигъэсыжынущ. Акъыл зиIэ цIыхуфIхэр диным къихьащ. Фэ сыт а пэжыр фи фIэщ щIэмыхъур?

Сэлихь емызэшу цIыхум ягуригъаIуэт:

- Уэ си лъэпкъ дахэ, фемыдаIуэ гумрэ щхьэмрэ зыгъэутхъуэ псалъэхэу жаIэхэм. Мыпхуэдиз фIыгъуэр къывбгъэдэзылъхьа Алыхь закъуэр хьэкъыу зыпхывгъэкI, сэ гъуэгу пэжщ фызыхуэзущийр, фыкъызэдаIуэ. Алыхьым фригъэфIэкIуэнщ. Псалъэмакъ куэдым я ужькIэ унэхъуну гъуэгу тет гупым жаIащ:

- Дэ уи Тхьэр ди фIэщ хъун щхьэкIэ тлъэмыкIыну Iуэху гъэщIэгъуэн гуэр къыдэгъэлъагъу, уэ Алыхьым узэрилIыкIуэм и щыхьэт наIуэу. УяпэкIэ къэкIуа лIыкIуэхэм апхуэдэ ялъэкIыфу щытащ.

Сэлихь Алыхь лъапIэм елъэIуащ, зи гур тхьэ нэпцIкIэ тхьэкъуа хъуа цIыхухэм телъыджэ гуэр къаригъэлъагъуну, зэрыбегъымбарым, Алыхьым и лIыкIуэу зэрыщытым и щыхьэт наIуэу.

Алыхь лъапIэм, Сэлихь игу хэщIу зызэрыхуигъэза лъэIур къабыл ищIри, жэуап къритащ:

- Уи лъэпкъым яжеIэ къалэ щIыбым щыIэ бгышхуэм адэкIэ щызэхуэсыну. Абы гъэщIэгъуэн къыщынэхуэнущ: зэи зыми имылъэгъуауэ махъшэшхуэ наIуэ къэхъунущ и шхуэлыр шэкIэ гъэнщIауэ. Сыт хуэдизрэ къашми, гъэшыр зэи имыухыжу. Ауэ цIыхухэм я пащхьэ Iуэхугъуит I игъэувэ, ямыгъэзэщIэнкIэ Iэмал имыIэу.

Япэр: зы махуэм псыуэ щыIэр махъшэм ейщ.

ЕтIуанэр: адрей махуэм псыр цIыхухэм яйщ.

Махъшэм зэ ифыгъуэу ирифынущ цIыхухэм псоми зы махуэм ирафынум хуэдиз.

Сэлихь лъэпкъым яхыхьэри гъэщIэгъуэн къэхъунум и хъыбар яхуиIуэтащ. Алыхьым къахуигъэува IуэхугъуитIымкIэ цIыхухэр арэзы щыхъум, ахэр зыщIигъури бгы гупэм кIуащ.

Алыхьыр зи фIэщ хъуахэр а хъыбарым игъэгуфIащ:

- Алыхьым пэжыр сэтей къищIынущ, ди бегъымбарымрэ ар зи фIэщ хъуахэмрэ игъэгушхуэнущ, - жаIэу.

Зи гум пагагъэ илъхэм нэгъуэщIт жаIэр:

- КупщIэншэщ а псори! Сыту делагъэ ар жыпIэххэну! Дауэ щыIэн апхуэдэ махъшэ, дэ псоми итфым хуэдиз псы и закъуэ ирифу, къэпш пэтми, имыухыу шэ къыщIэхъуэжу. Дэ жытIакъэ Сэлихь и щхьэр зэрызэIыхьар?

ГуитIщхьэтIу щытхэми жаIэрт:

- ФынакIуэ бгым, Сэлихь жиIэр пэжрэ пцIырэ деплъынщ. Мыр бегъымбару щытрэ делэрэ зэхэдгъэкIынщ.

Бгы гупэм цIыхур щызэхэтт, къэхъунум ежьэу.

* * *

АЛЫХЬ лъапIэм Сэлихь и тхьэлъэIур зэригъэзэщIам и щыхьэтыр наIуэ къэхъуащ. Махъшэр къэхутэри, сатыр кIыхьу щыт цIыхухэм я гупэмкIэ ирикIуащ. ЦIыхухэм я фIэщ мыхъуу еплът абы и инагъымрэ шэкIэ гъэнщIа и шхуэлымрэ.

Бзылъхугъэхэм къахьа кхъуэщынхэм шэ ирагъахъуэрт, махъшэр къашурэ. Псоми я кхъуэщынхэм ярыз хъуа иужькIи шхуэлыр шэкIэ зэрыгъэнщIауэ къэнат. Махъшэр псым Iухьэри и щхьэр къимыIэту ткIуэпс къэмынэжыхукIэ ирифащ.

Умэзэхауэ цIыху зэхэтым макъ къыхэIукIащ:

- Сэлихь захуэщ! Сэлихь захуэщ! Ар Алыхьым и лIыкIуэщ, махъшэри Алыхьым ейщ!

Абдежым цIыху куэд диным къыщихьащ.

Зи гур фIыцIэхэр псалъэ къахудэмышейуэ щытт, бампIэм зэгуичу, уеблэмэ я нэкIухэр щIыху хъужауэ. Ахэр гупым хэкIри лъэныкъуэ зрагъэзащ.

* * *

МАХЪШЭ гъэщIэгъуэныр Сэлихь и лъэпкъым яхэтт, зы махуэм псыр псори ирифу, къыкIэлъыкIуэм цIыхум псори къахуигъанэу. Сабийхэми балигъхэми яхурикъун шэр щыхуейм къыщIашт.

Къалэм дэст щIалэжьибгъу, фадэм дихьэхауэ, сыт хуэдэ гуэныхьми зыщамыдзейуэ, Алыхьыр я фIэщ мыхъуххэу.

Зы жэщ гуэрым фадэ Iэнэм бгъэдэсу унафэ ящIащ:

- Сэлихьрэ и махъшэмрэ мы зэрыщытым хуэдэу къэдгъанэ хъунукъым. Ди псым и ныкъуэр ирифурэ гузэвгъуэ къытлъегъэIэс. Сэлихь и махъшэри, Сэлихьи, абы и унагъуэри укIауэ зыгъэпсэхужын хуейщ.

Зыр къэпсалъэри жиIащ:

- Сэлихьрэ и унагъуэмрэ дукIмэ, и Iыхьлыхэм илъ ящIэжынкъэ?

Адрейм жеIэ:

- Зы хьилагъэ щыIэщ, сэ ар иджыпсту къывэзгъэщIэнщ. Сэлихьрэ махъшэмрэ жэщу дукIынщ. Дэри тлъагъунукъым, езыхэми дыкъалъагъуххэнукъым. Зыми къищIэнукъым ахэр зыукIар.

* * *

ПЩЭДДЖЫЖЬ нэхущым бзаджащIэхэм ящыщ зы, махъшэм пэгъунэгъу зищIри, шабзэшэр иутIыпщащ. Махъшэр къэкIиящ. Сэлихьи абы къыдэушащ. Махъшэ кIий макъыр зэхэзыха цIыхухэр зэхуэжэсащ. ЩIэпхъаджагъэ ялэжьыну хуежьа лIибгъур, зэбгрыжри, загъэпщкIуащ.

Сэлихь махъшэм и псэр хэкIауэ къыщигъуэтыжым и гур хэщIащ. Абы къыгурыIуащ и лъэпкъым илэжьа щIэпхъаджагъэмкIэ Алыхьым и губжьыр къызэрилэжьар.

Алыхь лъапIэм Сэлихь уэхьи къыхуигъакIуэри, хъыбар къригъэщIащ и лъэныкъуэ хъуахэр къищтэу къалэм дэкIыну, махуищ дэкIмэ, тхьэншэ лъэпкъыр хьэлэч зэрищIынур.

Сэлихь и лъэпкъым жриIащ:

- Алыхьым и губжьыр къыфлъэIэсащи, махуищ дэкIмэ, тезыр къыфтрилъхьэнущ.

Зэманыр къыщысым, къалэдэсхэм зэхахащ кIий макъ ин, тхьэкIумэIупсыр къигъачэу, гур зэгуиуду. Ахэр апхуэдизкIэ шынати, яхуэмышэчу лъэгуажьэкIэ тIысхэрт, я лъэхэр щIэхурти, ягухэр къэувыIэрт. Къалэдэсхэм, лъэгуажьэкIэ щыту, ягухэр зэгуэудащ.

Къэнар мывэ унэшхуэхэрщ, фIэщмыхъуныгъэм, пагагъэм, тезыр гуащIэм я щыхьэту.

*1994 гъэм мазаем и 18-м къыдэкIа «Дингъуазэ» газетым къитхыжащ.*

## Сэлихь бегъымбарым и махъшэр

● Iиманыншагъэм кърикIуар

Амман ныбжьэгъу щызэхуэхъуахэу (*сэмэгумкIэ къыщIидзэу*) Хьэтх Инал, Щхьэлдыгъу Джихьэд, Карповский Владимир, Ныбэжь Агнессэ сымэ.

Абазэ Мухьэмэд

# КъуэкIыпIэ Гъунэгъур жыжьэкъым

**Иордан гъэугуанэ тхыгъэхэр**

***(КIэлыкIуэр. ПащIэлъэр №№189-192, 194, 199-хэм итщ).***

Апхуэдиз илъэскIэ ирихьэкIа къулыкъумрэ лэжьыгъэ гуащIафIэмрэ папщIэ Хэкужь Хъердин къыхуагъэфэщауэ унэм щIэлъ дамыгъэ лъапIэхэм, щIыхь тхылъхэм, фэеплъ тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ сурэтхэмрэ нэр топщIыпщIэ.

- Мы дамыгъуэ ди пащхьэ къилъхэр къэралыдзэм, хабзэхъумэ IэнатIэм сыхэту къыхсхуагъэфащэхэращ, зыщIыпIэ сыкIуауэ дахэеплъу къызатахэри хэльщ, - жеIэ Хъердин, лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм къратауэ щыта дамыгъэхэм дыхигьаплъэурэ. - Псалъэм папщIэ, мыр полицием сыщыхэтам зы Iуэху щIалъуэ гуэр зэфIэтхати, си унафэщIым къызита дамыгъэщ. Мыдрейр Бахрейным лэжьыгъэ Iуэхукlэ сыкIуауэ, абы къыщызатащ.

Зытепсэлъыхьи, игу къигъэкIыжьи зи куэд псэльэгъу гъуэзэджэщ Хэкужь Хъердин, зыдэлэжьахэми, жылагъуэми, и лэпкъыгъэгъуэми кыхуащI пщIэр зыхуэфащэ щIыхуу зэрыщытри нэрылъагъущ. Ар къаIуатэ генералым кърата дамыгъэхэми къэзыухъуреихьхэр къызэрыхущытми.

- 1995 гъэм (сэ абы щыгъуэ кхъухьлъатэм кьелъэхэм сратхьэмадзэу дзэм сыхэтт) си унафэ щIэтхэм нэрыбгэ 200 кьахэсшри, Косовэ згъэжIауэ щытащ, - игу кьегъэкIыж Хъердин. - ЦIыхухэр кхъухьмэну, мамырщIэкъу зауэлIу Иорданым икIыу япэу абы кIуар ахэрати, мазихкIэ щыIащ щытыкIэр щызэщIэплъа а щIыпIэм икIи я къаэниир зэфIагъэкIауэ къыщагъэзэжым, мы тыгъэр дахэеплъу къысхуахьауэ щытащ. Ар икъукIэ лъапIэщ сэркIэ, сыту жыпIэмэ сэ си унафэкIэ абы кIуахэм кьагъэзэжыху сазэрытегъэвыхьам и гугъу умыщIи, а щIалэхэм Iуэхуфlу зэрахьам, зауэ мафIэр зытепсыха щIыхуэ Iэщэнэзэм къаззэрыщхьэщыжам и щIыхькIэ согъэлъапIэ. Абы кьищынэмыщIауэ, си деж кIэ лъапIэхэм ящыщ ООН-м къызита дамыгъэри. Дзэм сыкъыхэкIыжауэ, полицэм сыхэмыхьауэ, Иорданым и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу зы заул сыщытащ, илъэситкIэ а IэнатIэр есхьэкIауэ пIалъэр щызухым, сяужькIэ къытехьахэм мы тыгъэр дахэеплъу къызатауэ щытащ. Хасэм и дамыгъэу, адыгэ лъэпкъым къпкърыкIа фэеплъу согъэлъапIэ ар.

И ныбжьэгъум зэрытепсэлъыхьри и гуапэу, ар къаззэрыхэмытыжым щхьэкIэ игу зэрыгъури нэрылъагъуу. Хэкужь Хъердин и гугъу ищIащ къэралыдзэми хабзэхъумэ IэнатIэми къыдыхэтауэ щыта, пащтыхьыгъуэми ди лъэпкъэгъуэ абы щыпсэухэми пщIэшхуэ зыхуэщIу дунейм тета генерал Шурдым TIахьсин.

- Дяку дэлъ ныбжьэгъугъэм и инагъыр хамэмрэ жагъуэгъуэмрэ я нэ кьыIуимыдзэу, зы псальэкIэ дигу зэрыхэмыгъэщIу, зым Iэпыхуар адрейм щIым нимыгъэсу дыдэкъуэтащ TIахьсинрэ сэрэ, - жеIэ Хэкужьым. - Дыззеджащ, ди щIалэгъуэм джэгуи дыззадыхэтащ, зауи дыдэдыIухьащ, унагъуэкIи, щIыщыхэтам зы Iуэху щIалъуэ гуэр зэфIэтхати, си унафэщIым къызита дамыгъэщ. Мыдрейр Бахрейным лэжьыгъэ Iуэхукlэ сыкIуауэ, абы къыщызатащ.

Зытепсэлъыхьи, игу къигъэкIыжьи зи куэд псэльэгъу гъуэзэджэщ Хэкужь Хъердин, зыдэлэжьахэми, жылагъуэми, и лэпкъыгъэгъуэми кыхуащI пщIэр зыхуэфащэ щIыхуу зэрыщытри нэрылъагъущ. Ар къаIуатэ генералым кърата дамыгъэхэми къэзыухъуреихьхэр къызэрыхущытми.

Пэж дыдэу, Шурдым TIахьсин ящыщщ хэхэс адыгэхэм я дунейми щыцIэрыIуэу Хэкужьми къыщацIыхуу щыта ди лъэпкъэгъуэм. Абы и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ нэIуасэ ухуэзыщI тхыгъэхэр итщ хэхэс адыгэхэм ятеухуауэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и къаэлэмым къыщIэкIа тхылъхэм, апхуэдэу Шурдымым теухуа тхыгъэ мыин ихуащ «Адыгэхэм я щIыгу» щIэнэгъуаэз тхылъыщхьэмэ.

Шурдым TIахьсин 1942 гъэм Амман къыщалъхуат, къэбэрдей адыгэ лIакъуэм щыщт. Ар икъукIэ лъапIэщ сэркIэ, сыту жыпIэмэ сэ си унафэкIэ абы кIуахэм кьагъэзэжыху сазэрытегъэвыхьам и гугъу умыщIи, а щIалэхэм Iуэхуфlу зэрахьам, зауэ мафIэр зытепсыха щIыхуэ Iэщэнэзэм къаззэрыщхьэщыжам и щIыхькIэ согъэлъапIэ. Абы къищынэмыщIауэ, си деж кIэ лъапIэхэм ящыщ ООН-м къызита дамыгъэри. Дзэм сыкъыхэкIыжауэ, полицэм сыхэмыхьауэ, Иорданым и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу зы заул сыщытащ, илъэситIкIэ а IэнатIэр есхьэкIауэ пIалъэр щызухым, сяужькIэ къытехьахэм мы тыгъэр дахэеплъу къызатауэ щытащ. Хасэм и дамыгъэу, адыгэ лъэпкъым къпкърыкIа фэеплъу согъэлъапIэ ар.

Генерал Хэкужь Хъердинрэ Ныбэжь Таисэрэ.

Абазэхэ Алинэ, Алий, Ясмин.

Иордан гъэугуанэ тхыгъэхэр хьэхэр Инджылызым къыщиуха нэужь (1966 гъэм), Шурдым TIахьсин илъэситIкIэ щылэжьащ. ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Иорданым и министерствэм, бригаднэ генерал хъуауэ, 1989-1990 гъэхэм Вашингтон щыIащ зауэ Iуэхухэмкlэ атташе къулыкъур ирихьэкIыу. Апхуэдэу Шурдымыр бронетанк дивизэм и унафэщIу, Иорданым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу щытащ. Иужьрей илъэхэм абы ирихьэкIат къэралыкIэ IуэпI Iуэхухэмкlэ министр къулыкъур. Псэемыблэжу зыбгъэдэта IэнатIэм щиIэ щIыхьмрэ екъулIэныгъэхэмрэ папщIэ Шурдым TIахьсин екъулIэныгъэхэмрэ абы ирихьэкIат къэралыкIэ IуэпI Iуэхухэмкlэ министр къулыкъур. Псэемыблэжу зыбгъэдэта IэнатIэм щиIэ щIыхьмрэ екъулIэныгъэхэмрэ папщIэ Шурдым TIахьсин Хьэмид и къуэм Иорданым, США-м, Австриеи, Оманым, нэгъуэщI къэралыгъуэхэм я щIыхь дамыгъэу 40-м щIигъу кьратат.

- Уи нэIуасэу щыта дэтхэнэри гупыкIыгъуейщ, - жеIэ Хъердин. - Ауэ си ныбжьэгъуфIу, гукIи псэкIи спэгъунэгъуэу щыта TIахьсин апхуэдэу пасэу зэрытхэкIыжар ди лъэпкъэгъуэм мы щIыпIэм щыпсэу псоми я гум щIыхьащ. Щэч къытесхьэрбгъэм Шурдымыр зыщIыхуу щыта адрейхэми ар зэрыщымыIэжыр я жагъуэ зэрыхъуам. Си щхьэкIэ си гугъэщ абы и фэеплъ пшыхь мыгувэу зэхэсшэну, сыхуейщ TIахьсин и дуней тетыкIар, щIыхугъэрэ хахуагъэу хэльар абы кьыдэгъуэгурыкIуэ щIэлъэмри абы и гъащIэр щапхъэ яхуэсщIыну. Сыхуейт Хэкужьм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэми апхуэдэ адыгэмI зэрыщыIар ящIэну...

И ныбжьэгъум нэхъыби хужиIэфыну къыщIэкIынт Хъердин, ауэ абы и псалъэр зэпигъэури дакъикъэ зыбжанэ щысащ, и нэхэм щIэз къэхъуа нэпсхэм гу лъыдимыгъэтэну хущIэкъуну. Даущышагъэр къызэпиудащ хьэщIэхэмрэ быслымрэ дызыщIэс пэшым къыщIыха сабий зекIуагъащIэм. Ар зэран къытхуимыгъэхъуну и гугъэу къыкIэлъыIэбэрт абы и шынэхъыжь, илъэси 6-7-м итым щIалэ щыкIур. Ахэр Хъердин и къуэрылъхуэрат. Хэкужьхэ я щIеблэщIэми нэIуасэ дацыхуэхъум, нэхъыжь цIыкIум тIэкIу сепсэлъылIэну мурад сщIат, арщхьэкIэ абы адыгэбзэ мыщIэу къыщIэкIащ. Ар къызэрысщыхьуар си нэгум иту къыщIэкIынти, Хъердин жиIащ:

- Хьэрыпыбзэр егъэлеяуэ гугъущ. Адыгэбзэ фIэкIа ямыщIэу еджапIэм кIуэ цIыкIухэр щIэныгъэм лъэщIэмыхьэу къатохьэлъэ, аращ анэдэлъхубзэм нэхърэ хьэрыпыбзэр егъэщIэным нэхъ щIытегъащIэр. Дэ дыщеджа зэманым ди нэгу щIэкIа гугъуехьхэм хэдмыгъэтыну аращ дызыхущIэкъур.

- АтIэ дауэ, адыгэбзэр ямыщIэу къэхъумэ нэхъыфIу ара? ЯщыгъупщэжыпIэмэ-щэ? - жызоIэ, зэхэсхам «зэгъэзэхуапIэ» къэпкъ имыIэу къысфIэщIу.

- Дэ дримыгузавэу арабкъым а Iуэхум, - жеIэ Хъердин. - Адыгэбзэ ямыщIэми хъунуи къэтлъытэркъым. ХэкIыпIэу къытхуэгъуэтар аращи, пэщIэдзэ классхэр къауэхыху, щIэныгъэ къызэрырат бзэм нэхъ куууэ хэгъуэзэныр ящэ ямыгъэщIу хъуркъым. Нэхъ къыдэкIуэтеймэ, адыгэбзэри Iэмал имыIэу егъэзщIэнущ.

Апхуэдэ псалъэмакъым и ужькIэ къызгурыIуащ хэхэс адыгэхэм я идыджрей щIэблэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зэпэIэщIэ зыщIиджыри зы «щхьэусыгъуэ». Ауэ, а «хэкIыпIэмкIэ» ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр зэрысхуэмыгъэзахуэм хуэдэу, икIи схуэгъэкъуанщэрэм. Щы-хэхэскIэ, сыт я Iэмал? Абы кьыдэкIуэуи Хэкум исыжхэри анэдэлъхубзэм екъьэлIауэ апхуэдэ Iуэху къыпин дызэрыкэтыр къыщыбгурыIуэжкIэ, хэхэсхэм адыгэбзэр зэрАIэщIэхумкIэ сыт жыпIэу бгъэкъуэншэн?..

## Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ

Мыдрейр TIахьсин, лъэпкъ хабзэхэм я фIыпIэ щытлъэгъуауэ щхьэхуэу и гугъу фхуэсщIыну сыхуейщ Иорданым дызэрыщыIа тхьэмахуэм ди быслымыгъэхэу Хъуасэрэ Марьянэрэ я унагъуэм. Жэщым сыхьэтипIым и ныкъуэм дызэрыс къуэлъатэр Амман щетIысэхыу, абыхэ я унэ бжэIупэм дыщыIухьам, тIури куэбжэпэм щытт кьыдэжьэу. ИгъащIэм зыпэплъар дэрами ярейуэ, къытщыгуфIыкIыу арагъэбгъэгъащ зэщхьэгъусэхэм. Машинэр зезыгъакIуэ щIалэм кьрихьа ди хьэлъэр дэдубыну дыхунэмысу, Хъусен кьищтэри унэм щIихьащ, Марьяни куэд щIауэ имыльэгъуа и щыпхъухэр кьыхуеблэгъа хуэдэу гуфIэпсыжу дыщIишащ. А дакъикъэм щегъэжьауэ ди кьежьжыгъуэ хъуху, Абазэхэ мащIи куэда дакъытехьэлъэуэ зыкъыдагъэщIакъым. Си щыпхъумрэ сэрэт Абазэхэ я унагъуэр хэщIапIэ зыхуэхъуари (НОТР-м я оператор щIалэр кьалэм дэт хьэщIэщхэм ящыщ зым щIагъэтIысхьат), хамэугъхамащхьэу дыщымытынымкIэ Марьянэ лъэкI кьиутэнакъым. «Сэ сыт хуэдэу сыныфпэлъэрэт! ФыкъэкIуэну фи хъыбар зэрызэхэсхрэ, кьыскуэмыгъэсу сынывэжащ», - кьытщыгуфIыкIыу кьыдоIущащэ Марьянэ, жеI Iэфым хэт и сабий щIыкIуэр кьызэримыгъуэушным хуэсакъыр». «ТIэкIу федэхьэщ, пщэфIапIэмкIэ фынакIуэ, - жиIэу зыхьэхьэхьамэ, щыдмыдэм, - атIэ мыр фи пэщщи, зывгъэпсэху, дэ зэжетIэн ди куэдщ, пщдджыжь дыхьэпсэльэнщ», - жиIэри щIэкIыжащ.

Абазэхэ Хъусенрэ Марьянэрэ я унагъуэр кьызэрымунэхурэ илъэсихым щIигъуа къудейуэ аращ. Абыхэм зы щIалэрэ хьыдджэбз щIыкIуит Iрэ зэдапI. Нэхъыжьыр Алийщ, мы гъэм ятэ кьассым кIуащ, Ясмин илъэси 4 мэхъу, Алинэ, мазэ дэкIмэ, илъэсищ ирикъунущ, ахэр макIуэ Алий зыщIэс еджапIэм хэт сабий гъэсапIэм. «ХъупхъэщI» - жаIэ егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ Абазэхэ я щIыкIуэхэр кьыкIынти, гъащIэр кьэкIэрэхъуэкIри, адыгэ пщащэр Амман кьыщыхутащ.

Укъыщыхъуа Налшык къьаэр, уи ныбжьэгъуэхэр, укъыздэхъуаэхэр уигу кьэкIыркъэ? - соупщI Марьянэ, зэжьигъэ нэужьым дыкьыщIыхьэжауэ, пщэфIапIэмкIэ дыщIэсу. - Мыбы укъызэрыкIуам ущыхуэщIегъуэжа кьэхъуакъэ?

- ПщIэрэ, бзылъхугъэм и дежкIэ сыт щыгъуи нэхъапэр и бынымрэ и унагъуэмрэщ, - псалъэмакъым «ищхьэ тричыну» дзыхь имыщIыщэ хуэдэу, кьрегъажьэ Марьянэ. - ИкIи ахэр щигъуэт щIыпIэрщ абы и дежкIэ нэхъапэри нэхъ лъапIэри. Ар сэ кьэзгупсысакъым, щынэрылъагъури си деж и закъуэу си гугъэкъым. Щэч хэмылъу, сигу кьокI сабиигъуэр, ныбжьыщIэгъуэр щызгъэкIуа, сыщыщхъуа Налшык къаэр, си ныбжьэгъуэхэр, сызыдежьахэр. Сэ сызэрепльымкIэ, цIыхур абыхэм яхуэмызэшынкIэ Iэмал иIэкъым, зы хьэблэм дэкIыу адрей хьэблэм Iэпхъуа фIэкIа имыщIами, сыту жыпIэмэ, ар зыхуэзэшыр щIыпIэм и закъуэкъым, атIэ зэманымрэ лъэхъэнэгъуэхэмрэ псэ кьуэпскIэ быдэу япыщIащ. Сэ си адэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Хьэзиз и кьуэр дунейм екъыжами, си анэр пэрыуэгъу кьысхуэхъуакъым Хъусенрэ сэрэ дыщызэрыщIыхуам икIи аптхуэдэ щIэбгъэкIуэ счныым сытригъэгушхуащ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, иджыри къэс абы сыщыхущIегъуэжа махуэ кьысхуихуакъым. Илъэс къэс лъагъунлъагъу Налшык сынокIуэж, си анэр кьызэошэри Амман щызоГъэ. Иджы дунейр апхуэдэщи, щIыпIэ жьыжьэр зыхэпIэну ухунэскьыркъым.

Унагъуэр ахъырэманщ Марьянэ, езыр бзылъхугъэ щIалэу, кьыдэIэпыкъун нэхъыжь унэм имысу (ар Абазэхэ яхьыхэри ильэс зытIу дэкIауэ и гуащэр дунейм ехьжащ), бынищыр дакъикъэ кьэс зыхуеину псори яхуищIэу, щхьэгъусэми иту зримыгъабгъэу - куэд хьуркъэ унагъуэ зиIэ бзылъхугъэм и кьаэнхэр - а псом и щIыIужкIэ хьэщIэу кьыхуэкIуэхэм, благъэрэ Iыхьлыуэ къакIэлъыкIуэхэм хабзэ якIэлъызэрихьэу.

- ПщэфIапIэращ сэ махуэ псом си хэщIапIэр, - жеIэ Марьянэ. - Сабийхэр еджапIэ-гъэсапIэм щэн-къэщэжыным кьыщинэмыщIа, адрей зэманым и нэхъыбэр пэшхьэкум сыкIэрыту согъакIуэ - сфIэфIщ унагъуэм исхэри кьытхуеблагъэхэри щIэщыгъуэ гуэркIэ згъэгуфIэну.

Марьянэ и пщэфIапIэ пэщым хэль бжэмкIэ уикIмэ, Амман кьалэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэр Iэгум илъым хуэдэу щыпIалъагъу шордакъ бгъуфIэм утохьэ. Ар икIи гъэмахуэ шхапIэщ, сабийхэми я джэгупIэщ, унэгущIэм и удз гъэгъа уэрым я хэщIапIэщ. ПщэдджыжьыМ дыгъафIэщ, щэджагъуэ нэгъжьым жьэуапIэщи, жыпIэнуракъэ, псэтынышпIэ зэрэзэщ.

Амман дызэрыщыIа зэманым ерыскъы IэфI зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ дигъэтхъэжащ Абазэхэ я нысэм. Абы и пщэфIапIэм «къыщIэтха» щэхуэзэм щыщкIэ сивдэгуэшэнци, Марьянэ дызэригъэхьэщIа ерыскъы IэфIхэм языхэзым и гъэхьэзырыкIэм фыщыгъэгъуэзэнщ. Ар гъащIэгъуэну зэхэльщ, ауэ гъэхьэзырыгъуейкъым, ди щIыпIэм щумыгъуэтын гуэри хэлъкъым. Хэт ищIэрэ, фигу ирихьмэ, «Таисэ Амман кьытхуэдрихат», - жыфIэнщи, фыпщэфI хабзэ шхыныгъуэхэм ящыщ хъункIи хъунщ. Зи гугъу сщIы салатым папщIэ зэхэлъхьэн хуейщ макарон («ракушки», «спиральки») гъэва гъэупщIыIужа, кешью дэ лIэужьыгъуэм хуэдэ грамми 100-120-рэ, купкъ имыльу ягъэфIэIуа зейтун (оливки), нартыхъу Iэгъэбзэгу консерв банкI зырыз, нащэ цIынэ зытхух, шыбжий дэгу плъыжьрэ гъуэжьрэ (цIынэу). Макароным кьищынэмыщIауэ, адрейхэр мыцIыкIу дыдэу боупщIатэри, салатыр зэрызэхэль пкъыгъуэхэр зэхэмыпIытIэным ухуэсакъыу зэIыбощIэ, итIанэ узэрыфIэфым хуэдэу шыбжий сыр, фIыщIэ, бэрэтIинэ (мятэ) хьэжауэ, майонез, бальзамическэ уксус, шыгъутIэкIу хыбольхъэри, абджыпс фальъэм илъу Iэнэм тыбогъэувэ. Пхъэщхьэмыщхьэпс, шей, къэхьэуэ фIэкIа дыщIумыгъужми, шхыныгъуэ кьэуатIщи, щхьэхуэу кьапщIэтэми ягъэ кIынукъым, салатуи нэгъуэщIхэм гъуэ яхуэпщI мэхъу.

«Сэ анэкъилъху сиIакъым, Хэкум фыкъыщикIакIэ, шыпхъу фыхуэдэщI» - жиIэу кьытхуэгумащIэу, и бзэ IэфIымрэ и ерыскъы гурыхьымкIэ махуэм дыззрезэшар тщигъэгъупщэу, хабзэщ-хуэ кьыткIэльызэрихьэщ Марьянэ. Абы псынщIэу дыкъыдихьэхри десэжат, ауэ унагъуэр зей щIыхухъуми - Хъусен - дызыщимыгъэукIытэну, гугъу дримыгъэхьыну кьытхуэсакъащ.

Дылэжьэну, фильмыр тетхыну дыщыдэкIкIэ: «Мы хъыджэбзхэм фахуэсакъ, щхьэкIэ жэуап фохь», - яжриIэрт ди гъуэгугъэлъагъуэхэм, махуэ псом дыкъыщыткIэ, телефонкIэ нэпсалъэурэ нытщIэупщIэрт, унэм декIуэлIэжу щэджагъуашхэ дымыщIмэ, унэгуащэми езыми я жагъуэ тщIыуэ жиIэрти, ди гъусэ кьомыр зэрыдигъусэу дригъэблагъэжьырт.

Пащтыхь уардэунэм дыщыщIа махуэм и пщыхьэщхьэм Хъусенрэ Марьянэрэ сеуэршэрылIэу, тлъэгъуахэр зэхуэтIуэтэжу дызэбгъэдэсу, Хъусен сыщигъэгъуэзащ и къуэш Мухьэмэд пащтыхьым и щхьэхъумэхэм зэрахэтам, илъэс зыбжанэкIэ хъумакIуэхэм я унафэщIу зэрыщытам.

Абазэ Мухьэмэд илъэс 38-кIэ ирихьэкIащ а IэнатIэр, ауэ и ныбжьыр илъэс 56-м иту сымаджэ хьэлъэ хъури, 1999 гъэм дунейм ехьжауэ щытащ. Абы и щхьэгъусэ Жан (ар Бырмамытхэ япхъут) 2009 гъэм и гъэмахуэм сымаджагъэм иIыкIащ.

- Уэрэхъуэпсэн бын хъарзынэ къащIэнащ абыхэм, я гуфIэгъуэ, я хьер яльагъуну хунэмысами, - жеIэ Хъусен. - ШIалищрэ зы хъыджэбзрэ мэхъури, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зимыIэ яхэткъым. ЩIалэ нэхъыжь Гъумар пащтыхьым и къуэш Хьэмэд и дежкIэ щецIэ, Зейд казначействэм щолажьэ, щIалэ нэхъыщIэ Хьэмэд американ фирмэм и консультантщ, абыхэм я щыпхъу Фирсэ къалэ мэрием IэнатIэ щрехьэкI.

- Ди къуэшым и фэеплъу мы сурэтхэр унагъуэм щызыдохьэ, - жиIэурэ, пащтыхьым и щхьэхъумэхэм яхэту Мухьэмэд трахахэр сегъэлъагъу Хъусен, икIи абы кьыдэкIуэу и гугъу кьыхуещI Налшык щыпсэу я щыпхъум, абы и унагъуэм, Амман дэс адрей и къуэшхэм.

Дызэрыщыла пIалъэр нэсу, пщэдджыжьым жьыуэ зызыIэтыжьыну кхъухьлъатэм дыхуэпщIэу быслымэм сэлам щетхьжьим, дызэрыщыIари къытхуащIари яфIэмащIэу жаIэурэ дыкъгъагъэжьэжащ Абазэхэ Марьянэрэ Хъусенрэ. ДыщыкIуам хуэдэу, нэхъуфэр зэкIэщIэмыкIауэ жьыIуэ дыдэти, сабийхэр жейрт, пщэдджыжь нэмэзым и аэнкир къаджэрт: «ФыкъыщымыкIуэми, аращ дызытегар, фыкIуэжми, апхуэдэущ зэрекIуэкIынур», - жиIэ нэхъей.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

*Налшык - Истамбул - Амман.*

***(КъыкIэлъыкIуэнущ).***

Абазэ Мухьэмэд (*ижьымкIэ етIуанэщ*) пащтыхьым и щхьэхъумэхэм илъэс 38-кIэ яхэтащ, илъэс зыбжанэкIи абыхэм я унафэщI IэнатIэри ирихьэкIащ.

БАЦЭЖЬ Мухьэмэд-Хьер:

# Зи лъэпкъ тхыдэм щыгъуазэр къулейщ

*Иорданым и къалащхьэ Амман иджыблагъэ къыщыдэкӏащ ди лъэпкъ тхыдэм теухуа тхылъ гъуэзэджэ. Адыгэ щӏэнгъуазэкӏэ зэджэ, томи 8 хъу а тхылъыр зи къалэмыпэм къыщӏэкӏар филологие щӏэныгъэхэм я доктор, профессор Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьерщ. XIX лӏэщӏыгъуэм хэкум иӏэпхъукӏыу Иорданиер псэупӏэ зыхуэхъуауэ щыта ди лъэпкъэгъухэм къащӏэхъуа щӏэблэм ящыщщ Бацэжьыр. Ар хамэ щӏыпӏэм къыщыхъуащ, абы щӏэныгъэ, ӏэщӏагъэ щызригъэгъуэтащ. Филологием хуеджами, спортымкӏи зэфӏэкӏышхуэхэр къигъэлъэгъуащ Мухьэмэд-Хьер. Ар баскетболист ӏэкӏуэлъакӏуэу щытащ, иужькӏэ баскетбол командэ къэралым къыщызэригъэпэщауэ щытащ. Амман дэт университетым и спорт факультетым и унафэщӏу илъэс зыбжанэкӏэ лэжьа нэужь, Бацэжьыр Иорданием спортымрэ туризмэмкӏэ, нэхъ иужьыӏуэкӏэ щӏалэгъуалэ ӏуэхухэмкӏэ я министру щытащ. Ар мызэ-мытӏэу СССР-ми УФ-ми къэкӏуащ, езыр зи гъэсакӏуэ баскетбол командэр зэхьэзэхуэхэм къишэурэ.*

*Хэкупсэ нэсу щыт щӏэныгъэлӏыр сыт щыгъуи дехьэх адыгэхэм я псэукӏэм, хабзэм, тхыдэм. Абыхэм пыщӏа къэхутэныгъэ зэхуэмыдэхэр Мухьэмэд-Хьер илъэс 40-м щӏигъуауэ ирегъэкӏуэкӏ. Адыгэ щӏэнгъуазэр гъэхьэзырынми, дауи, апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ япэ итащ. Бацэжьым зэман кӏыхькӏэ къихута, иджа псори зы ищӏыжри, напэкӏуэцӏ мини 5-м нэблагъэ зиӏэ щӏэнгъуазэ къыдигъэкӏащ. Зи тиражыр мин хъу Адыгэ щӏэнгъуазэм и зэхэлъыкӏэмрэ абы и напэкӏуэцӏхэм къыщыхьа тхыгъэхэр зыхуэдэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну Бацэжь Мухьэмэд-Хьер иджыблагъэ къедгъэблэгъащ «Адыгэ псалъэ» газетым Къардэнгъущӏ Зырамыку и цӏэр зэрихьэу иӏэ хьэщӏэщым икӏи упщӏэ зыбжанэкӏэ зыхуэдгъэзащ.*

● Ди хьэщӏэщым

Бацэжь Мухьэмэд-Хьер «Адыгэ псалъэм» и хьэщӏэщ.

**- Мухьэмэд-Хьер, дунейм къытехьа уи ӏэдакъэщӏэкӏыр адыгэ лъэпкъым и дежкӏэ мыхьэнэ ин зиӏэ лэжьыгъэщ. Адыгэ щӏэнгъуазэм уелэжьыным, апхуэдэ ӏуэху къепхьэжьэным сыт щӏэдзапӏэ хуэхъуар?**

- Гъащӏэ щыхъукӏэ, цӏыху куэдым уахуозэ, узэроцӏыху, хъыбархэр зэхубоӏуатэ. Си илъэсхэм къриубыдэу лэжьыгъэ ӏуэхукӏэ, псэуныгъэкӏэ жыпӏэми куэдым сарихьэлӏащ - ди лъэпкъэгъуи хамэ лъэпкъхэм ящыщи: инджылызи, тыркуи, франджыи, нэмыци, нэгъуэщӏхэми. Дызэрыцӏыхуа нэужь дызыщыщ лъэпкъхэм я гугъу щытщӏкӏэ къэхъуащ си псэлъэгъум сызэрыадыгэр щигъэщӏэгъуа. «Адыгэхэр сцӏыхуркъым. Фэ тхыдэ фиӏэ хьэмэрэ лъэпкъыщӏэ гуэрхэм фащыщ?» - жызыӏаи срихьэлӏащ. Итӏанэ, сэ щӏэздзэрти, ди лъэпкъым къикӏуа гъуэгуанэм и хьэлэмэтагъымрэ абы бэлыхьу телъахэмрэ я гугъу яхуэсщӏырт си гъусэхэм. Ахэр къызэдаӏуэрт, си хъыбархэр хуабжьу зэрафӏэ хьэлэмэтыр нэрылъагъуу. Абы теухуа тхылъхэм щыщӏэупщӏэкӏэ, си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжырт, адыгэ лъэпкъым и тхыдэ купщӏафӏэр щызэхуэхьэса тхылъ дызэримыӏэм къыхэкӏыу.

Пэжу, Геродот къыщӏэна тхыгъэхэм яхэлъщ адыгэхэм ятеухуа дэфтэрхэр, ауэ ахэр мащӏэщ. Къинэмыщӏауэ, хамэ къэрал зыплъыхьакӏуэхэм, тхыдэтххэм яхэтщ ди лъэпкъым къикӏуа гъуэгуанэр, абы и напэкӏуэцӏ щхьэхуэхэр къэзыгъэлъэгъуэжахэр. Апхуэдэ тхыгъэ зи къалэмыпэ къыщӏэкӏахэм мащӏэщ яхэтыр адыгэ лъабжьэ зиӏэу: ахэр 20 хъумэ, адыгэу яхэтыр цӏыхуи 5-щ. Лъэпкъ 30-м щӏигъу къэхутакӏуэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм къиихьащ адыгэ щӏыналъэм, ар зрагъэлъагъуну, абы щыпсэу лъэпкъым и хабзэр, щэнхабзэр яджыну. Абыхэм яхэтащ къыдэзэуаи, дызэзэуаи, сату ӏуэхукӏэ е нэгъуэщӏкӏэ пыщӏэныгъэ къытхузиӏахэри. Дэтхэнэми ар езым зэрилъагъум, и гупсысэмрэ акъылымрэ къызэрихьым хуэдэу итхыжащ. Апхуэдэ щӏыкӏэкӏэ ди тхыдэр зэхэтхъуа, зы унэтӏыныгъэ зимыӏэ, зы щапхъэмрэ мэсхьэбымрэ имыт хъуащ. Апхуэдэ зэкӏэщӏэпхъа тхыдэ уиӏэри уимыӏэххэӏари зыщ, сыту жыпӏэмэ, а дэфтэрхэм къыщыӏуэтахэр зэтехуэркъым, зыр адрейм пэщӏэуэхэри хэту.

Апхуэдэ гупсысэхэм сыхуашащ Адыгэ щӏэнгъуазэ стхыным. Илъэс 40 лъандэрэ ди лъэпкъ тхыдэр зыдж сэ куэду сиӏэт тегъэщӏапӏэ сщӏын дэфтэрхэр. Адыгэм и псэукӏам, ар зэрыса щӏыналъэм, зэрыбейуэ щыта щӏыуэпс хъугъуэфӏыгъуэхэм, цӏыхухэм яку дэлъа зэхущытыкӏэхэм - адыгэм ехьэлӏауэ къэзугъуеиф дэтхэнэ тхыдэри си дежкӏэ лъапӏэныгъэт. Мыбдежым къыхэзгъэщынут си щхьэгъусэм, Къандур Иззэт и пхъум, и чэнджэщхэмрэ ущиемрэ хуабжьу сэбэп къызэрысхуэхъуар. «Лъэпкъ куэдым уахуотхэ, уифӏ ябогъэкӏ. Сыт ягъэ кӏын ди адыгэ лъэпкъым ифӏ къызэрыкӏын, абы сэбэп хуэхъун лэжьыгъэ къызэбнэкӏмэ», - жиӏэурэ мызэ-мытӏэу къызиӏуэкӏати, ари щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Адыгэ щӏэнгъуазэр стхыным.

Куэд лъандэрэ си мурадми, мы лэжьыгъэм занщӏэу иужь сихьэфакъым: сызыпэрыт къулыкъухэм зэманыр тезгъэкӏуадэрт, махуэ къэс сыхьэт 14 - 16 сыщымылажьэ къэмыхъуу сыпсэурт. Итӏанэ, си ныбжьыр нэхъ кӏуатэу, зэмани нэхъ сиӏэ щыхъум, «уэлэхьи, иджы си мурадыр зэзгъэхъулӏэным яужь сихьэнмэ», жысӏэри лэжьыгъэр сублащ. Щӏэнгъуазэри си щхьэгъусэм тыгъэ хуэсщӏащ.

**- Сызэрыщыгъуазэмкӏэ, тхылъхэм илъэс зыбжанэкӏэ уелэжьащ. Дэнэ деж къыщыщӏэбдзат лэжьыгъэшхуэм?**

- Адыгэм теухуауэ зэхуэсхьэсыжа «налкъутхэр» гупсэхуу зджыщ, унэтӏыныгъэунэтӏыныгъэурэ зэхэзгъэтӏылъыкӏри, зыхущыщӏэу къысщыхъухэр къэсхутэжурэ ӏэрыкӏым селэжьащ. Сиӏэ тхыгъэхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ тхылъитӏ-щым изэгъэну къысщыхъуати, апхуэдиз щыстхам щыгъуэ, зыхуэзгъэувыжа къалэнхэм я гъунэ ислъа къудейуэ къыщӏэкӏащ. Зэхуэсхьэса дэфтэр 1800-м щыщу къэзгъэсэбэпар мащӏэт иджыри. Салъэмыӏэсауэ къэнат Инджылызым, Урысей Федерацэм, Франджым, нэгъуэщӏ къэрал зыбжанэми я дэфтэр хъумапӏэхэм къыщызугъуея тхыгъэхэр. Псори зэхэту си ӏэдакъэ щӏэкӏа, сызыхэплъа тхыгъэхэр мини 4-м нэсырт. Абыхэм къахэсхыжащ адыгэм ди тхыдэм налъэналъэурэ лъабжьэ хуэхъу дэфтэр хьэлэмэтхэр.

**- Щӏэнгъуазэр щыбгъэхьэзырым сыт хуэдэ къалэнхэр зыхуэбгъэувыжат? Ахэр пхуэгъэзэщӏауэ къэплъытэрэ?**

- Сыт хуэдэ мурадми къалэн гуэрхэр къакӏэлъокӏуэ. Апхуэдэ пщэрылъхэр зыхуэсщӏыжат сэри, адыгэ лъэпкъым и тхыдэр нэсу къэзгъэлъэгъуэжыну сигу щислъхьэм. Япэ дыдэ къалэныр - ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэм и къежьапӏэмрэ ар нобэкӏэ здынэсыфамрэ убзыхуным ехьэлӏауэ щытащ. Ар зэзгъэхъулӏэн папщӏэ, сэ зджащ, зэпкърысхыурэ щыгъуазэ зысщӏащ мывэ лӏэщӏыгъуэм къыщыщӏэдзауэ иджырей лъэхъэнэм нэс тхыдэу Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр къызыхэщыж ӏыхьэхэр. Абы хыхьащ ди лъэпкъым и къежьапӏэмрэ ар къызытехъукӏамрэ, адыгэхэм цӏэуэ зэрахьэу щытар, ахэр щыпсэу щӏыналъэр, я бзэм, диным хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. Апхуэдэу абы хиубыдащ адыгэхэм я гъунэгъуу Кавказым щыпсэуа лъэпкъхэми я зыужьыныгъэм кӏэлъыплъыныр. Абыхэм яхухэсхащ щӏэнгъуазэм и япэ тхылъыр.

Тхылъхэм я етӏуанэ къалэныр зытеухуар адыгэ щэнгъасэращ. Абы теухуауэ зджащ адыгэхэм ӏэщӏагъэу яӏар, ахэр зэлэжьу, дэзыхьэхыу щыта ӏуэхугъуэхэр, я сату щӏыкӏэр, дуней еплъыкӏэр, лъэпкъ гупсысэкӏэр, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ, щӏэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ, политикэмрэ экономикэмрэ, къэсхутащ спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ щаӏэ ехъулӏэныгъэхэр, нэгъуэщӏ эри. А ӏуэхугъуэхэр нэхъыбэу 2-нэ томым хэзгъэхьащ.

Ещанэ къалэну щӏэнгъуазэм хуэзгъэувар зэхьэлӏар адыгэ лъэпкъыр зыхэта зауэхэр къэгъэлъэгъуэнырт. Абы ехьэлӏа си къэхутэныгъэхэм къызэщӏаубыдащ ижь зэманым къыщыщӏэдзауэ XIX лӏэщӏыгъуэм нэсыхукӏэ адыгэхэр щызэуа щӏыпӏэхэмрэ абыхэм къапэщӏэта лъэпкъхэмрэ. Псом хуэмыдэу гулъыт э хуэсщӏащ Урыс-Кавказ зауэмрэ абы ди лъэпкъым къыхуихьа насыпыншагъэмрэ. Ахэр щӏэнгъуазэм и 3-нэ томым итщ.

Къалэнышхуэхэм къагуэж къалэн цӏыкӏухэри куэд мэхъу. Абыхэм ятеухуащ тхылъым и адрей томхэр.

Дауи, лэжьыгъэшхуэ утыку къыщипхьэкӏэ, абы узыхунэмыс гуэрхэри ныкъусаныгъэхэри къыхокӏ. Ахэр Адыгэ щӏэнгъуазэм и етӏуанэ къыдэкӏыгъуэм щызэзгъэзэхуэжыну, сызыхунэмысалами, дыщӏызгъужыну си мурадщ.

**- Томи 8-м щыщ дэтхэнэри апхуэдэ унэтӏыныгъэ щхьэхуэхэм теухуауэ щытщтӏэ? Япищым нэмыщӏ адрей тхылъитхум сыт хуэдэ ӏуэхугъуэхэр къыщыбгъэлъэгъуа, Мухьэмэд-Хьер?**

- Тхылъ къэс езыр ӏыхьэӏыхьэу гуэшащ, дэтхэнэми пэублэ псалъэрэ хэзыгъэгъуазэрэ щӏыгъущ. Абыхэм къыщыхьащ адыгэ лъэпкъ тхыдэм щыщу а томыр зытезухуа ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэр. Тхылъ къэси щӏызгъуащ сурэту, картэ зэмылӏэужьыгъуэ хэу, дэфтэр хъумапӏэ хэм къыщызгъуэта тхыгъэхэу 300-м нэс. Апхуэдэ ӏуэху бгъэдыхьэкӏэм тхыгъэхэм къыщыхьа ӏуэхугъуэхэр нэхъ нэрылъагъу ящӏ, ахэр зыгуэрым къигупсыса мыхъуу, цӏэрэ щхьэрэ зиӏэ еджагъэшхуэхэм, тхыдэтххэм, щӏэныгъэлӏ цӏэрыӏуэхэм я къэхутэныгъэу, кӏэлъыплъыныгъэу зэрыщытым щыхьэт тохъуэ.

Япэ - ещанэ томхэм я гугъу кӏэщӏу щысщӏакӏэ, адэкӏэ къыпытщэнщи, жысӏэнщ абыхэм къакӏэлъыкӏуэ 4 - 5-нэ томхэр хамэ щӏыпӏэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я псэукӏэщыӏэкӏэм ятезухуауэ зэрыщытыр. 4-нэ тхылъым Сирием щыпсэу адыгэхэмрэ абыхэм къахэкӏа цӏыху цӏэрыӏуэхэу адыгэм и пщӏэр зыӏэтахэмрэ къыщызгъэлъэгъуащ. Апхуэдэу абы сыщытопсэлъыхь 1967 гъэм абы щекӏуэкӏа махуих зауэм и ужькӏэ Джолан лъагапӏэхэр зрагъэбгына адыгэ мин 60-м щӏигъум я щхьэм кърикӏуа насыпыншагъэхэм, нобэкӏэ ахэр зэрыт щытыкӏэм.

5-нэ тхылъыр теухуащ Иорданым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Езы Иордан пащтыхьыгъуэм и тхыдэр кӏэщӏу къэзгъэлъэгъуа нэужь, сытопсэлъыхь а щӏыпӏэм ди лъэпкъэгъухэр ӏэпхъуа зэрыхъуам, къэралыр зэтеувэным адыгэхэм хуащӏа хэлъхьэныгъэм. 1932 гъэм Иорданием къыщызэрагъэпэщауэ щыта Адыгэ Фӏыщӏэ Хасэм адыгэ хэхэсхэм я гъащӏэм щиубыд увыпӏэмрэ а зэгуэхьэныгъэм и лэжьыгъэмри шэщӏауэ сытопсэлъыхь. Апхуэдэу тхылъеджэхэм я пащхьэ изолъхьэ абы щыпсэу адыгэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу щытахэм я гъащӏэмрэ хамэ щӏыналъэм ди лъэпкъыр, хабзэр, анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр хъума щыхъун папщӏэ абыхэм зэфӏагъэкӏа ӏуэху инхэмрэ.

Унэ тӏыныгъэ зэху эмыдэхэмкӏэ Иорданым цӏэрыӏуэ щыхъуа адыгэхэми ятеухуа очеркхэри ихуащ 5-нэ тхылъым. Апхуэдэ цӏэрыӏуагъ лъэпкъым къытх уэзыхьа, дунейпсо цӏыхубэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ инхэр хуэзыщӏа адыгэ щэджащэхэм яхухэсхащ Адыгэ щӏэнгъуазэм и 6-нэ томыр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщӏэ, ди лъэпкъ фащэкӏэ, хабзэкӏэ, ӏэпщӏэлъапщӏагъэкӏэ дэнэкӏи дыкъызэрыщацӏыхур. Тхылъыр ӏыхьитӏ мэхъури, абы и етӏуанэ ӏыхьэм итщ адыгэхэм къытхэкӏа цӏыху цӏэрыӏуэхэм: тхакӏуэхэм, уэрэдусхэм, уэрэджыӏакӏуэхэм, Олимп чемпионхэм, жылагъуэ лэжьакӏуэхэм, нэгъуэщӏхэми ятехуа очеркхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщӏэ, лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтӏылъа Щоджэнцӏыкӏу Алий, абы и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщӏахэу Кӏыщокъуэ Алим, Мэшбащӏэ Исхьэкъ, Хьэдэгъэлӏ Аскэр, Лохвицкий Михаил, дунейпсо цӏэрыӏуагъ зиӏэ дирижер щэджащэ Темыркъан Юрэ, щэнхабзэ, спорт лэжьакӏуэ ӏэзэхэу Къардэн Хьэсэн, Молэ Владимир, Балэ Мухьэдин, Хьэлупэ Джэбрэил, Даур Аслъэн, Шыхъуэ Борис, Ахэмын Еленэ, Чыржын Мухьэрбий, Гъукӏэ Яшар, Къэплъэн Хьэмид, Тхьэбысым Умар, Бэрэгъун Владимир, Мэремыкъуэ Хъусен, Гъэсашэ Наталье сымэ, нэгъуэщӏхэми я гъащӏэм и къекӏуэкӏыкӏам теухуа тхыгъэр. Мы томым апхуэдэу изгъэхуащ адыгэ фащэм, макъамэ ӏэмэпсымэхэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм ятеухуауэ напэкӏуэцӏ щхьэхуэхэр, дэтхэнэми сурэт и гъусэу. Хэкужьым къыщызэрагъэпэща «Кабардинка», «Налмэс», «Меркурий», «Ислъэмей» ансамблъ цӏэрыӏуэхэри гулъытэншэ зэрызмыщӏыным яужь ситащ. Абыхэм я ехъулӏэныгъэ лъагэхэм тещӏыхьа тхыгъэхэр, сурэтхэр итщ мы томым.

7-нэ томыр «Хэт хэт хъуну?» жыпхъэм тету убзыхуащ. Абы къибгъуэтэнущ Иорданым, Сирием, Израилым, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу щэджащэхэм ятеухуа тхыгъэхэр.

8-нэ томым щӏэджыкӏакӏуэхэм ярегъэцӏыху Тырк ум япэу ӏэпхъуа адыгэхэм ящыщу щӏэныгъэшхуэ зэзыгъэгъу этахэмрэ дзэм къ улыкъушху э щызыӏыгъахэмрэ. Апхуэдэу мы тхылъым зы ӏыхьэшхуэ щыхухахащ илъэси 135-кӏэ Египетымрэ Сириемрэ тепщэныгъэр щызыӏыгъа шэрджэс мамлюкхэм.

Адыгэм ятеухуауэ къэпӏуатэ хъуну, абы и тхыдэм увыпӏэ щхьэхуэ щызубыду гулъытэ зыхуэфащэу къэслъытэ псори къызэщӏзубыда зэрымыхъуар сощӏэ. Тхылъым иджыри селэжьынущ, къыпысщэнущ, езгъэфӏэкӏуэнущ.

**- Ди лъэпкъым и къекӏуэкӏыкӏамрэ нобэрей гъащӏэмрэ теухуауэ апхуэдиз тхыгъэ хьэлэмэт щызэхуэхьэса щӏэнгъуазэ дунейм къытехьауэ зэхэзых дэтхэнэ хэкупсэри щӏэхъуэпсынущ а тхылъыр зыӏэригъэхьэу итхэми щыгъуазэ зищӏыну, арщхьэкӏэ ар зэрытхар хьэрыпыбзэщи, дауи, абы куэдым щыгъуазэ зыхуащӏыфынукъым, псом хуэмыдэу ар зытеухуа адыгэ лъэпкъым щыщу хэкужьым щыпсэухэм…**

- Абы и лъэныкъуэкӏэ лэжьыгъэ пыухыкӏа йокӏуэкӏ. Ди мурадщ Адыгэ щӏэнгъуазэр бзэ зыбжанэкӏэ зэддзэкӏыну. Япэрауэ, адыгэбзэкӏэ, итӏанэ, урысыбзэкӏэ, инджылызыбзэкӏэ, тыркубзэкӏэ. Щӏэнгъуазэр адыгэбзэкӏэ зэдзэкӏыным иджыпсту йолэжь илъэс зыбжанэ и пэкӏэ Сирием къикӏыжа, лъэпкъ тхыдэмрэ хабзэмрэ хуабжьу дихьэх, абыхэмкӏэ къэхутэныгъэхэр езэгъэкӏуэкӏ Къалмыкъ Аднан. Абы фӏыщӏэ ин хузощӏ апхуэдэ лэжьыгъэ хьэлъэм зэрызрипщытам щхьэкӏэ. Мыбдежым къыжыӏапхъэщ ар зыхунэса лэжьыгъэ пакӏэр гунэс зэрысщыхъуар икӏи апхуэдэурэ екӏуэкӏмэ, тхылъхэм ящыщ зыбжанэр анэдэлъхубзэм къигъэтӏэсэныр мыгувэу зэрызэфӏэкӏынур.

**- Упсэу, Мухьэмэд-Хьер! Ди лъэпкъым щхьэпэ хуэхъун лэжьыгъэ куэд иджыри уи къалэмыпэм къыпыкӏыну ди гуапэщ. Уи мурадхэр Тхьэм къыуигъэхъулӏэ.**

*Епсэлъар* КЪАРДЭН Маритэщ.

● Гуфӏэгъуэ зэхыхьэ

## Джэрыджэхэ я кхъуейплъыжькӏэрыщӏэ

**Адыгэ лъэпкъыр ижьижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкӏуэ хабзэ дахэхэр и ӏэпэгъуу. Ахэр хуэгъэпсат цӏыху зэхэтыкӏэфӏым, щӏэблэ гъэса, узыншэ къэгъэхъуным.**

**Апхуэдэ гуфӏэгъуэкӏэ зэхыхьат Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ Джэрыджэ Тӏэхьир и къуэ ӏэсрэдин и унагъуэм къеблэгъахэр.**

- САБИЙ ДЫГЪИТӏ - Дианэрэ Радимэрэ - диӏэу, ещанэр щӏалэ цӏыкӏуу Алыхьым къыдипэсмэ, кхъуейплъыжькӏэрыщӏэ хуэсщӏыну сигу ислъхьат, - жеӏэ ӏэсрэдин и анэ Женэ. - Емыкӏу къысхуэфщӏынкъым, а сабийм дамэ къыстригъэкӏащи, дуней псор къыздэгуфӏэ къысфӏощӏ, - гу лъытэгъуейкъым абы и гуфӏэ нэпсым.

Адыгэ пшынэр зэролъэлъ. Щӏалэгъуалэм зэхаубла джэгум нэхъыжьыӏуэхэри къыхашэ. Адыгэ фащэ щӏэращӏэр зэкӏупс щӏалэ цӏыкӏур - ӏэдэм - кхъуейплъыжькӏэрыщӏэ зыхуащӏыр - и ӏэпэр яӏыгъыу утыкум кърашэ. ӏыхьлыри ӏэулэдри, хамэри хэгъэрейри, зэрыжаӏэу, зыщыгуфӏыкӏ щӏалэ цӏыкӏур лъэпкъыр зыгъэбэгъуэн, адыгэр зэрыгушхуэн цӏыху къыхэкӏыну хуохъуахъуэ.

- Нобэ дызыхэт гуфӏэгъуэр Тӏэхьир мыгъуэм илъагъуну Тхьэ лъапӏэм иухатэкъым, - жеӏэ лъэпкъым я нэхъыжь, зауэм и ветеран, Текӏуэныгъэм и ныпыр Берлин щызыӏэтахэм яхэта Джэрыджэ ӏэбубэчыр. - Тӏэхьир гугъу ехьу къэгъуэгурыкӏуащ, и щӏалэхэр зыхуей хуэзэу къигъэтэджын щхьэкӏэ. Илъэс зытхух мэхъу ар къызэрытхэмытыжрэ, и ахърэтыр нэху Тхьэм ищӏ. Ауэ езыр зыхущӏэкъуам и къуищри хунэсащи, зэрылъэпкъыу дащогуфӏыкӏ. Нобэ зэкъуэшищым я нэхъыщӏэ ӏэсрэдин и гуфӏэгъуэщ дызыхэтыр. Ар щӏэныгъэкӏи и лэжьыгъэкӏи зэфӏэкӏ зиӏэ щӏалэщ. Абы къиухащ Мэзкуу дэт юридическэ институтхэм ящыщ зыр. Къилэжь сомым псапэ хещӏыкӏ, жылэм сэбэп зэрыхуэхъун ӏуэху зэрехуэ. Езыр щӏалэщ, и къаруилъыгъуэщ. Зэфэну псым и къэжэгъуэ дахэщ. Гъэсэныгъэ хэлъщ, адыгэ хабзэм текӏ имыӏэу тетщ, и щхьэм хуэткӏийщ, щӏалэ жанщ.

Кхъуейплъыжькӏэрыщӏэм щӏалэгъуалэ куэд щызэхуэсат я зэфӏэкӏыр ягъэлъэгъуэну пӏащӏэу. Арщхьэкӏэ, дагъэ зыщӏэзыфа фэ кӏапсэр къызыхуэгъэӏурыщӏар мащӏэщ. Зэхьэзэхуэр зэрекӏуэкӏым кӏэлъыплъащ Бахъсэн къалэ округым и щӏыпӏэ администрацэм и спорткомитетым и унафэщӏым и къалэнхэр зыгъэзащӏэ Джэрыджэ Сэфрэӏил.

Пасэм хьэпшып цӏыкӏуфэкӏут абы фӏалъхьэу щытар. Лӏэщӏыгъуэм и ӏэужьщ нобэрей кхъуейплъыжькӏэрыщӏэм щыплъагъур. Ар щӏэбгъэщӏэгъуэни щыӏэкъым. Саугъэт 17 зыфӏэлъа пкъо лъагэм и бгыкъум ӏэгукӏэ лъэӏэсри, саугъэт зэмылӏэужьыгъуэхэр зыӏэрагъэхьащ Джэрыджэ Анзор (мотоцикл), Пащӏэ Ислъам (дыщэ ӏэлъынрэ кӏэстум зэфӏэтрэ), Къардэн Ашэмэз (телевизор), Бешто Аслъэнрэ Кӏэнэтӏ Мухьэмэдрэ (спорт кӏэстум зырыз), Елбэд Ратмир (лъакъуэрыгъажэ), Щоджэн Азэмэтрэ Бэрэгъун Рустамрэ (жып телефон зырыз), Хьэпащӏэ Мусэбий (мэл домбей).

Нэгузыужьу екӏуэкӏа зэпеуэм яфӏэхьэлэмэту сабийхэри, щӏалэгъуалэри, нэхъыжьыӏуэхэри еплъащ, гукъинэж зэращыхъуами шэч хэлъкъым.

- Нобэрей гуфӏэгъуэр зращӏэкӏ сабийм - ӏэдэм цӏыкӏу - адыгэ лъэпкъыр зыхуэныкъуэ цӏыху къищӏыкӏыну Тхьэм жиӏэ. ӏумахуэу, жьэнахуэу, хахуэныгъэр и бжаблэу, благъэу иӏэр игъэгуфӏэу, нанэ и щӏасэу, дадэ и гупсэу, и анэ зэрышынэ мыхъуу, и адэ зэрыгугъэм тету, хьэфӏым хуэдэу сакъыу, шыфӏым хуэдэу ӏурыщӏэу, джэдыпэу шэрыуэу, гуащэ дахэхэм я хъуэпсапӏэу Тхьэм псоми дигъэлъагъу, - жиӏащ Джэрыджэхэ я нэхъыжьхэм ящыщ Мухьэмэд.

**ПЩЫХЬЭЩӏЭ Хьэбыж.**

*Сурэтхэр* **ДЖЭРЫДЖЭ Залым** *трихащ.*

# Бжьыхьэ дыщафэ

● Дунеяплъэ

АПХУЭДЭ фӏэщыгъэм щӏэту мы зэманым республикэм и еджапӏэхэм щокӏуэкӏ дунеяплъэ дерсхэр. Дунейм и дахэгъуэ фокӏадэ мазэм и кӏэхэм ирихьэлӏэу гъэ къэс къызэрагъэпэщ мы ӏуэхум и къалэн нэхъыщхьэр дыкъэзыухъуреихь дунейм бгъэдэлъ дахагъэр сабийхэм зыхегъэщӏэнырщ, цӏыху гъащӏэр зэтезыӏыгъэ экологием и къабзагъэр хъумэнырщ.

Дунеяплъэхэр къызэзыгъэпэщ егъэджакӏуэхэм я къару псори ирахьэлӏэ къэкӏыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ цӏыкӏухэм гулъытэ хуащӏу къыдэгъэкӏуэтеиным. Республикэм и къалэ, къуажэ курыт школхэм иджыпсту щыщӏэдзауэ дерсхэр щрагъэкӏуэкӏ мэз лъапэхэм, псыхъуэхэм. Псом хуэмыдэу дунеяплъэм жыджэру хэтщ Налшык и эколого-биологическэ центрым и гъэсэнхэр. Гъэм и зэманиплӏми мыбыхэм къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкӏуэкӏ пэтми, пщӏащэхэм гъуэжьыгъэ дахэр къащыщӏыхьэ лъэхъэнэм пащӏын щыӏэкъым. Сыту жыпӏэмэ, а зэманым щӏыуэпсым и щэху куэдыр сэтей къохъу: псэущхьэ цӏыкӏухэм щӏымахуэм зыхуагъэхьэзыр, жыгхэмрэ къэкӏыгъэхэмрэ нэгъуэщӏ щытыкӏэм йохьэ. Мы зэманым и къэхъукъащӏэхэр центрым къекӏуалӏэ сабий зэчиифӏэхэм ящыщ куэдым я щӏэныгъэ лэжьыгъэхэм къыщамыгъэсэбэпу къанэркъым.

Налшык и курыт еджапӏэхэм щеджэ цӏыкӏухэм я дунеяплъэр къалэ зоопаркым щрагъэкӏуэкӏынущ. Ахэр щӏэдэӏунущ бжьыхьэкӏэм хуабапӏэм щӏагъэтӏысхьэж псэущхьэхэм ятеухуа псалъэмакъ щхьэпэхэм. Абы къыдэкӏуэу, къаплъыхьынущ Налшык паркым и гуэлхэр, мыбы къыщыкӏ жыг зэмылӏэужьыгъуэхэм я щытыкӏэм кӏэлъыплъынущ.

Къуажэ школхэм ящыщ куэдым дунеяплъэ сыхьэтхэр мэз лъапэхэм щрагъэкӏуэкӏмэ нэхъ къащтэ. Къэкӏыгъэхэми псэущхьэхэми я дунейм лъэныкъуэ куэдкӏэ ухэзыша а щӏыпӏэхэр цӏыкӏухэм къаплъыхь къудей мыхъуу, икӏи зэщӏагъэкъэбзэнущ. Дунеяплъэхэр зэфӏэкӏа нэужь, «бжьыхьэ дыщафэм» теухуа зэхьэзэхуэхэр ирагъэкӏуэкӏынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

**2009 - 2010 гъэ еджэгъуэщӏэм Автомобиль транспортымкӏэ Къэбэрдей-Балъкъэр лицейм щӏэтӏысхьэхэм папщӏэ и бжэхэр щызэӏуих махуэр ӏэтауэ иригъэкӏуэкӏащ.**

● Щӏэныгъэ

# Лицейм и бжэхэр зэӏуех

ЗЭӏУЩӏЭР гукъинэжу икӏи дэрэжэгъуэр щыкуэду щекӏуэкӏащ Кулиев Къайсын и цӏэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмтеатрым. Лицейм щеджэну гупыж зыщӏа ныбжьыщӏэхэр ягъэгушхуащ икӏи абы щекӏуэкӏ лэжьыгъэм, щызекӏуэ хабзэхэм къызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ еджапӏэм щӏэс студент жыджэрхэм.

ӏуэху псори щӏалэгъуалэм я пащхьэ кърахьа нэужь, яужь къиувэну еджакӏуэхэм я къалэныр зэрагъэзэщӏэнымкӏэ псалъэ быдэ къыӏахри, студент билетхэр хуагуэшащ. Езы еджакӏуэ ныбжьыщӏэхэри егъэджакӏуэхэм ехъуэхъуащ я махуэ лъапӏэмкӏэ.

А махуэм стадионым къыщызэрагъэпэщат спорт лӏэужьыгъуэ зыбжанэкӏэ зэпеуэхэр. Нэхъыжь курсхэм щӏэс щӏалэгъуалэр щхьэж и зэфӏэкӏ щигъэлъагъуэу жыджэру хэтащ абы икӏи МС-31 гупыр нэхъыфӏу къалъытащ. Абыхэм фэм къыхэщӏыкӏа топ тыгъэ хуащӏащ. Апхуэдэуи спортыр фӏыуэ къызэхъулӏэ пщащэу къалъытащ Бухгалтер учетымкӏэ, анализымрэ аудитымкӏэ къудамэм и 2-нэ курсым щӏэс Ибрэхьим Марзият.

Лицейм студентхэр зыхуигъэхьэзыр ӏэщӏагъэхэр зыхуэдэр, пщыхьэщхьэ еджэм ныбжьыщӏэхэм я щӏэныгъэмрэ ӏэщӏагъэмрэ щыхагъэхъуэну ӏэмал къазэрыритыр гъэщӏэгъуэнт абы къыщӏэтӏысхьагъащӏэхэм я дежкӏэ.

Автомобиль транспортымкӏэ Къэбэрдей-Балъкъэр лицейм 2009 гъэм махуэрыеджэу цӏыху 774-рэ щӏэтӏысхьащ. Псори зэхэту абы щӏэныгъэ щызрагъэгъуэт студент 1956-м, къищынэмыщӏауэ, заочнэу сабий 357-рэ щӏэсщ, пщыхьэщхьэрыеджэм цӏыху 850-рэ къокӏуалӏэ.

ШЫПШ Даянэ.

## Щӏэпхъаджащӏэхэм милицэм и лэжьакӏуэ яхэтщ

**КъБР-м щыӏэ МВД-мрэ УФ-м и МВД-м и Къэрал ӏуэхущӏапӏэу ЮФО-м щыӏэм и «Э» центрымрэ я къулыкъум епцӏыжхэр къыщӏэгъэщыным ехьэлӏа лэжьыгъэр щрагъэкӏуэкӏым, зэщӏэгъэуӏуа щӏэпхъаджащӏэ гупым хэтхэм ящыщу 4 яубыдащ. Абыхэм я зыр милицэм и лэжьакӏуэщ.**

АХЭР республикэм и хьэрычэтыщӏэхэм зыбжанэрэ ятеуауэ хуагъэфащэу ягъэкъуаншэ. Щӏэпхъаджащӏэ гупым сыт щыгъуи гущӏэгъуншэу я мурадхэр зрагъэхъулӏэрт. Республикэм и хабзэхъумэхэм ахэр къэубыдыныр щӏыхь зиӏэ я къалэну къалъытащ.

*КъБР-м и Хабзэхъумэ ӏэнатӏэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащӏэ центр.*

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФӀЫЦӀЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылэсэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкӀэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущӀо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩӀАПӀЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цӀэкӀэ щыӀэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщӀанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкӀэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ӀуэхухэмкӀэ - 42-22-86; къуажэ гъащӀэмрэ экономикэмкӀэ - 42-57-59; щэнхабзэмкӀэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ ӀуэхущӀапӀэхэм ядэлэжьэнымкӀэ - 42-60-53; хъыбарыщӀэхэмкӀэ, спортымрэ письмохэмкӀэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щӀэныгъэмкӀэ - 47-32-15; зэдзэкӀакӀуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ӀуэхущӀапӀэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаӀэта Ӏуэхугъуэхэм я пэжагъымкӀэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Ӏуэху еплъыкӀэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Ӏэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщӀэныгъэхэмкӀэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкӀэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щӀэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокӀ.
1905 гъэм щыӀа Революцэм и цӀэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ цӀэкӀэ щыӀэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкӀыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Жыласэ Заур, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,3-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(2,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэӀэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркӀэ газетым и теплъэр ящӀащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщӀ* Бицу Жаннэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ӀэнатӀэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Ӏэ щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.014 ● Заказ №3446